Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№91-92 (23.500) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 20, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кавказ зауэр зэрицухрэ илъэси 153-рэ щрикъум ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и IэтащхьэКIуэкIуэ Ю. А. цIыхухэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Накъыгъэм и 21-м илъэси 153-рэ ирокъу хэта псоми гугъуехь инхэр къызыхаха, псом хуэмыдэу адыгэ лъэпкъым гузэвэгъуэшхэр къыхуэзыхьа Кавказ зауэр зэриухрэ.

Абы хэкIуэдахэр дигу къыщыдгъэкIыжкIэ къыдгурыIуэн хуейщ зи джэрпэджжым ди гущIэр нобэми дэуз а зауэм и кьежьапIэу империехэр щызэпэщIэта, абыхэм зэрыпхъуакIуэ Iэхухэр щызэрахьа лъэхъэнэр зэрыувар, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым илъэс 460-рэ апэкIэ зэтеува урысей-адыгэ зэпыщIэныгъэхэм ди лъэпкъхэм я дежкIэ сэбэпынагъэшхэр къызэрахьар.

Быдэу си фIощ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и ефIэкIуэныгъэмрэ къэкIуэнымрэ къызэдгъэпэщын папщIэ ди къэрал иным ис цIыху псоми быдэу дапыщIауэ дызэдэлэжьэн зэрыхуейр.

КIУЭКIУЭ Юрий,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Карелиемрэ я зэгурыIуэныгъэм мыгувау Iэ щIадзынущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Карелие Республикэмрэ я унафэщIхэм дызэрыт илъэсым и мэкъуауэгъуэ мазэм Санкт-Петербург щекIуэкIыну дунейпсо экономикэ зэIущIэшхэм Iэ щыщIадзынущ сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, социальнэ-щэнхабзэ зэдэлэжьэныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэм.

Документым еубзыху лъэныкъуитIым я Iэхущ1апIэхэм яку дэлъ рынок зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэныкIэ зыхуэфащэ Iэмалхэр къызэгъэпэщыныр, сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ зэдэлажьэныгъэм зегъэубгъуныр, промышленностым, ухуэныгъэм, дыкъэзыуухуреихь дунейр хъумэным, мэкъумэш хозяйствэм, туризмэм, спортым, нэгъуэщI унэтIныныгъэ зыбжанэми зэрыщIэзэпыщIар гъэбыдэныр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Адыгэ уситI

I

Уэ уадыгэщ, дэнэ ущымыIэми,
Дунейр уи мылъкуми, зы апэсы уимыIэми.
Уэ уадыгэщи - уи лъахэмкIэ еплъэкI,
ЕплъэкIи, хуэщIэ къуымыгъанэу плъэкI.

Уэ уадыгэщ, зи гур уз уи лъапсэм
И теплъэм дэнэ къикIри зрегъэхъуапсэ,
Къехъуапсэм ищIэркъым ди щIыр зыщIыр пшэр:
Лъы ящIэтарщ дядэжь зытахэм псэр.

Уэ уадыгэщ. Ермоловым щIыгъуахэм
Щысхьрабгъу ямыIэу зи лъыр ягъэгъуахэм
УрапыхьлыI-лыджанэщ, улIэужьщ,
УпсэухункIэ ахэри псэунщ.

Лъы защIэщ, гуауэщ адыгэм диIэр тхыдэу,
Нэхъ мащIэу дефэу, нэхъ мащIэури дышыздэу,
Зыкъзэзыщ1эж ди лъэпкъым хуэщхьэпэн
Хуэдлэжьмэ, хэкум псэуэ къыхэнэнщ.

II

Ди къуэпсыр куущ, ди тхыдэри лъы защIэщ,
КъэткIуа гъуэгуанэм кьытхинэжари мащIэщ,
ИтIани псэуныгъэ - мурад гущIэр
Адыгэ хэкум ену хуэлэжьэху,

Уэрэду, щIакхъуэ Iыхьэу, гъатхэ псынэу,
ЩIэныгъэм ич лъэбакъуэу е псэупIэу,
Сабий щыгъыныр зыгъэбыдэ дыпIэу
Ди шэрджэс гъащIэм ныхэтлъхьэхукIэ Iуэху,

Хьэршым кIуэжахэм я псэр нэхъ зэгъэнущ,
Къызыхуеплъых ди гъащIэр нэхъ гъэгъэнущ,
Псэум ди къалэн тэмэмри арагъэнущ,
Дехуэхыу - ди псэр хьэршым изэгъэху.

БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас.

114

Мы гъэм накъыгъэм и 21-м илъэси 153-рэ ирокъу адыгэ лъэпкъым и лIакъуэ зыбжанэ къызэщIэзыубыда, игъащIэкIэ мыгъущIжын дыркъуэрэ гуаузэшхэр къытхуэзыхьа Кавказ зауэр зэриухрэ.

ДызыхуэкIуэ зэманым фIыкIэ дыхуэвгъэлажьэ

АЗАУЭ гущIэгъуншэм и Iэужьхэм ящыщщ адыгэхэр щыпсэу щIыналъэм и нэхъыбэр зэрафIэкIуэдар, вагъуэм и пэбж цIыху зэрыхэкIуэдар, псэууэ къэнахэм ящыщ куэдым залымыгъэкIэ хэкур ирагъэбгынэу Уэсмэн пащтыхьыгъуэм зэрагъэIэпхъуар. А псом кьрикIуащ зэгуэр пIэзрызэхьэу икIи лъэпкъышхуэу щыта адыгэхэр щымыIэжьихэнкIэ хъуным пыщIа шынагъуэр.

Урыс пащтыхьыгъуэм и зэранкIэ ди лъэпкъым бэлыхь Iэджэ и фэм дэкIами, адыгэхэр зэи урысхэм япэщIэувакъым, зыкIи енькъуэкъуакъым, пащтыхьыгъуэм и щхьэзыфIэфIагъым кьрикIуахэм щхьэкIэ урыс лъэпкъыр зэи ягъэкъуэншакъым. Абы и щыхьэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгэ Республикэми, адыгэхэмрэ урысхэмрэ зэгъусэу щыпсэу адрей щIыналъэхэми хабзэ щыхьуауэ лъэпкъитIым дяку дэлъ зэныбжьэгъуГэр, благъагъэр илъэс куэд ньандэрэ къызэрэзэдекIуэкIыр.

Иджырей Урысей Федерацэм тхыдэм и пэжыр хэIущIыIу щыхъунымкIэ Iэмалыр къытхуэдахьащ ди къэралым щекIуэкIа демократие зэхъуэкIыныгъэхэм. Зэманым къытхуегъэув Кавказ зауэм и Iэужьу лъэпкъгъэкIуэщэр зи щхьэ ящыкIуа, адэжь лъахэр залымыгъэкIэ зрагъэбгына адыгэхэм ягъэва гуэзвэгъуэм теухуа пэжыр щхьэтечу жытIэну, тхыдэм и пэжыпIэр зэрыщытауэ зэфIэдгъэувэжыну.

УФ-м и япэ Президенту щыта Ельцин Борис Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм 1991 гъэм накъыгъэм и 18-м закъыщыхуигъаазэм, кьыхигъэщат «цIыхупсэ куэд дыдэрэ мылъку мымащIэрэ зыхьа Кавказ зауэжьым и джэрпэджжыр Урысейм щыпсэу куэдым я гум узу зэрилъыр», «Кавказ зауэм и лъэхъэнэм къэхъуахэм зэIухауэ утепсэлъыхьмэ, кавказ лъэпкъхэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу, щхьэмыгъазэу щIэбэнащ я лъахэ, я хабзэ, я лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр зэрахъуэмжьыным».

Дэри дыхуейт къыхэдгъэщыну: Кавказ зауэм и щIэину дэ къытлыысащ дяпэ ита адыгэлI хахуэхэм я щIэблэру хамэ къэралхэм къыщыхъуахэр адэжь лъахэм къэтшэжыныр. Иужьрей илъэс зытхухым Сирие къэралыгъуэм щекIуэкI зауэ гуащIэм нэрылъагъу тщищIащ хэхэс адыгэхэм я гъащIэр зэрыхьэлъэри, напIэзыпIэм псоми зыкъызэридзэкIынкIэ хъуну зэрыщытри. Дунейпсо Адыгэ Хасэм Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм я унафэщIхэм фIыщIэ яхуещI Сирием щыпсэу адыгэ хэхэсхэр зыхэхуа бэлыхьыр зэрызэхащIыкIам, зауэм зи щхьэр къыхэзыхыу хэкум къэкIуэжа ди къуэшхэм зэрадэIэпыкъуам папщIэ.

Абы къыдэкIуэу къыхэгъэщыпхъэу къыдолъытэ 2014 гъэм Сочэ къалэм щекIуэкIа XXII Щымахуэ Олимп Джэгуэхэмрэ XIX лIэщIыгъуэм адыгэхэм я щхьэ кьрикIуа гузэвэгъуэмрэ зэзыпхыну хэтахэм я мурадхэр къаззэремыхъуIар. Илъэсиц ипэкIэ екIуэкIа Олимпиадэр спортымрэ щэнхабзэмрэ ятещIыхьа, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ зэхьыхьэшхуэу щытащ. Хьэкъыу ди фIэщ мэхъу Олимп Джэгуэхэр лъэпкъ зэхущытыкIэхэр нэхъ быдэ щIыным, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ егъэфIэкIуэным, апхуэдэ щыкIэкIи Урысей Федерацэм и къэралыгъуэр гъэбыдэным, и Iулыджым хэгъэхъуэным зэрыхуэщхьэпар. Зи гугъу тщIахэм я сэбэп хэлъщ урысей жылагъуэ псом.

ПщIэ зыхуэтщI ди лъахэгъуэ, ди къуэшхэ, ди шыпхъуэ! Кавказыр щыналъэ, лъахэ къудейкъым, атIэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ зи пщалъэ гурыIуэныгъэщ. Ар лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэрэ зэманым ипсыхьа къэхъугъэ лъапIэщ. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я псэкупсэ кьарур апхуэдизкIэ инщ икIи щызщи, зэрымыщIэкIэ мы лъахэм кьиузэрыхьа лъэпкъхэр, гъунэгъу къытхуэхъуа лIакъуэхэр, уеблэмэ ди щIыналъэ дахэр ттрахьи мурадкIэ къытхуэкIуахэр къытхонэри, ди щэнхабзэм щыщ мэхъу, къытхошыпсыхь.

Зэмыныкъуэкъуу, зэпэщIэмыувэу кавказ лъэпкъхэм яIэщ ящIэни зэлэжьыни. Иджырей дунейм и гуныжщ уи зэфIэкI уэзрелпIыхьыну, Iэщ1э хэмыту лIыгъэ зэрыщыгбгъэльэгъуэну Iэмалхэр. Лъэпкъ зэхъуэтныныгъэм и гуащIэр ехьэлIапхъэщ дахагъэр, фIыгъэр, хэхъуэр, хьерыр гъэбэгъуэным, щIэблэ зэчиифIэ къэгъэхъуным, лъэпкъыбзэр хъумэным, щэнхабзэмрэ хабзэмрэ къэгъэщIэрэщIэжьныныгъэмкIэ и министр, УФ-м и ЛIыхъужь **Шойгу Сергей** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщещынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 22, *блыщхьэ*

♦**Биологие зэмыIэужьыгъуагъэм и дунейпсо махуэщ**

♦Тыркум щыщ спортсмен, Европэм бэнэкIэ хуитыкIэ и чемпион, 1948 гъэм екIуэкIа Олимп Джэгуэхэм дыжьын медаль къыщызыхьа **Джандемир (Гугъэв) Адыл** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Германием щыпсэу адыгэхэм ящыщ, филологием и доктор, ЩIДАА-м и академик **Озбек (Едыдж) Батырай** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщещынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

СЭХУРОКЪУЭ Хьэутий, *Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент,*
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд, *Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

Шууейхэм захудогъазэ

● Гу зылъытапхъэ

Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу накъыгъэм и 21-м Налшык къалэ щекIуэкIыну дауэдапщэхэм ящыщщ шууейхэри зэрышэсынур.

АХЭР 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и фэеплъу Стрелкэ хьэблэм щыIэм сыхьэти 8-м щызэхуэсынурэ, 9-м кьежьэнущ. КъызэрэпэщакIуэхэр шууейхэм йолъэIу, къыкIэрыху щымыIэу зэхуэсу, и чэзум ежьэну, ауб зыхуа гъуэгуанэм екIуу ирикIуэну.

Апхуэдэуи абыхэм адыгэ фащэ ящыгъын хуейщ. Гу лъывэдгъэтэну дыхуейщ шу гупыр щежьэм къыкIэрыхуахэр лъэныкъуэкIэ къащыхьыхьэжу хабзэм и хъумакIуэхэм зэрамыдэнур.

Шым тесу Псэ жыгым екIуэлIэну хуейхэм упщIэ яIэмэ, а гупым и пашэ Къудей Асльэн зыхуагъазэ хъунущ. Телефоныр 8-928-075-35-35.

Сурэтыр УФ-м и цIыхубэ художник **Пащты Герман** *ищIащ.*

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 20, *щэбэт*

♦**Метрологием и дунейпсо махуэщ**

♦**Индыл псым и махуэщ**. Индыл Урысейм и мазаокъуэу, Европэми щынэхъ псышхуэхэм ящыщщ - абы и кIыхьагъэр километри 3700-рэ мэхъу.

♦**1939 гъэм** «КъБР-м и цIыхубэ артист», «КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэхэр ягъэуващ.

♦**1942 гъэм** Хэку зауэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр ягъэуващ.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гугу Рашад** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦ Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЖьэкIэмыхъу Мусэбий** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэх Сэфарбий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и санитар дохутыр нэхъыщхьэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Аджырэ Асльэн** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Тэтрокъуэ Астемыр** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦«Черкес хэку» газетым жэуап зыхь и секретарь, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Абидокъуэ Лусанэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 21, *тхьэмахуэ*

♦**Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэщ**. Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм 1992 гъэм мазаем и 7-м къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ.

♦**Хьэршым и дунейпсо махуэщ**

♦**ЗызэхэщIыкIыныгъэмрэ зыужьныныгъэмрэ яхуэгъэпса щэнхабзэ зэмыдлэужьыгъуагъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и ВМФ-м и Хы Щэху флотым и махуэщ**

♦**Дзэ зэдзэкIакIуэм и махуэщ**

♦**Полярникым и махуэщ**

♦**Черногорием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**2004 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ.

♦Къэрал къулыкъущIэ, УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэ **Чайкэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм зыхъумэжныныгъэмкIэ и министр, УФ-м и ЛIыхъужь **Шойгу Сергей** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 22, *блыщхьэ*

♦**Биологие зэмыIэужьыгъуагъэм и дунейпсо махуэщ**

♦Тыркум щыщ спортсмен, Европэм бэнэкIэ хуитыкIэ и чемпион, 1948 гъэм екIуэкIа Олимп Джэгуэхэм дыжьын медаль къыщызыхьа **Джандемир (Гугъэв) Адыл** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Германием щыпсэу адыгэхэм ящыщ, филологием и доктор, ЩIДАА-м и академик **Озбек (Едыдж) Батырай** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хэкужьыхьэ лъэщщ.

Газеткэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьэм папщIэ

Федеральнэ пощт связым и Управленэу КъБР-м щыIэм и Iэхущ1апIэхэм накъыгъэм и 21-м нэсыху газет, журнал щхьэхуэхэм ящыщу 2017 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къагъэхьынухэм нэхъ пуду Iэ щыщIэвдз хъунущ. А Iэмалыр къэвгъэсэбэп фигу нэхъ ирихь къыдэкIыгъуэхэр къеВгъэхьын папщIэ.

Пощтым и Iэхущ1апIэхэм фыкъыдогъэблагъэ.

Къару къэугъуеижыпІэ

КъБР

Цыху тхыдэм зауэр сыт щыгъуи зэрыхэуцэр гуауэшхуэ къыззэыпкІ, къыкІэлъыкІуэ ныбжьыр щІэин хъэлъэкІэ зыгъэгухэ къэхъукъащІэущ. Урымхэм зэрыжаІэм ещхьу, гъащІэ егъэджакІуэ мыхъуу, ар лъэпкъхэмрэ динхэмрэ зэзэушт щхьэусыгъуэ щыхъар мащІэкъым. Зауэм и ущие гуащІэм щІыхуэхр щхьэхуимыту зэгурыІуэныгъэм, щабагъэм, тэмакъкІыхьаГъым къыхуегъауш. Апхуэдэ щапхъэ хуэмурэ мэкъу щхьэхуимыту нэгъуэщІынэкІэ дыззэныгъэлъ Кавказ зауэри.

ИлЪЭС блэкІам екІуэкІа дунейпсо щІэныгъэ зэІуцІэхэр Кавказ зауэр илъэси 152-рэ зэрырикъуам теухуауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар щІыналъэм, Адыгейм и унафэщІхэм я Администрацхэми аухэр зыдэлажьэ щІыхубэми а лъэхъэнэ гухэщІхэм зи псэр хэзына лІыхъужьхэр яГъэлъэпІащ. БлэкІа хьэлъэр дигу къэзыгъэкІыж зэпыт езы Кавказ зауэм и тхыдэми укъыхуреджж лъэпкъ псоми мамырыгъэкІэ уадекІуэжыным нэхъыфІ зэрыщымыІэм.

Кавказ зауэм епха Іуэху зэІуцІэхэр зэпкърыхыным щІэныгъэлІ куэд йолэжь. ИтІанэми, апхуэдизэ зэман зэрыдзэкІам хуэдэу, тхыдэджхэм я епГъыкІэхэр щхьэж зыхэлэжьыкІ лъэхъэнэм зекІуэ къэрал зэхэтыкІэм ехьэлІауэ къонэж. ИужьрейилъэсзыбгъупщІащ Іуэхур и пІэм икІауэ, къэралым а лъэхъэнэм къэхъуахэр къэгъэнэгъэжьым зэрыхэлэм теуухуа и Іуэху бгъэдыхьэкІэр тІэкІу иригъэфІэкІуауэ къэплъытэ хъун хуэдэу зыщихьэжар. ИджырейтхыгъэкІэм уэхолІэжьа, гупсысэжэр щыэзтемыкуэ къэхъуам, гу лъыботэ щІэныгъэлІэм, лъэныкъуэ гуэрым ефІэмылІыкІыщІэу, Іуэху еплъыкІэ пыухыкІа зэраукъуэдимфым.

Адыгэхэм Кавказ зауэм емыгупсысыпІэ ялэкъым. Нобэр къызДэсым нэсу зэпкърыха хъуакъым 1829 гъэм Урысеймрэ Тыркымрэ зэращІыпІа Адрианополь зэгурыІуэныгъэр. Арат къэралитІым яку дэзэрыхьа Шэрджэсеим Урысейр наІуэу ебгъэрыкІуэну хуит зыщІар.

А лъэхъэнэм Кавказ ИщхьэрэмщІзэхэзэрыхьа Іуэхугъэ куэд щхьэусыгъуэ хузэхуауэ зауэр къэхъеиным. А зэманым Урысеймрэ Уэсмэн къэралыгъуэмрэ я зэхущытыкІэрат пщдэйрей махуэр зыкуэкІуэнрэ зэпытар. Апхуэдэ геополитикэ зэхущытыкІэ гугъуи и кІуэцІкІэ адыгэхэр гъунэгъу къэралхэм зэрабгъэдэт щІыкІэр фІыуэ зэщхьэщыкІырт: зы Іыхьэм Тыркум и лъэныкъуэр къыхахащ, адрейм - Урысейр. ТІум щыгъуэми пІэпкъым зэрихуэр зэрызэхъумэжьын Іуэхут.

ЕпщыкІубгъуанэ лІэщІыгъуэм и пэр, и кур, и кІэр зэпІлъытмэ, Урысеймрэ адыгэхэмрэ я зохущытыкІэм зимыхъуэжу сыт щыгъуи зы теплъэ иІауэ пхужьІэнукъым. Лъэпкъым и щыбжІкІэ къыбгъэдэт къэралхэм зэрадекІуэкІми, езы лъэпкъым и кІуэцІкІэ къыщІэт Іуэхуэхэми мыхьэнэшхуэ яІэт. ГъэщІэгъуэнщ Кавказым ехьэлІа политикэр зэм щабэу, Іэщэ къыхэмыхьэу, зэм ткІийуэ, зэрыщыту къарум тещІыхьауэ зэрекІуэкІар. ЕпщыкІуиягъ лІэщІыгъуэм и кІэм хы ФІыцІэ дзэр Псыжь деж зэрырагъэтІысхьам къигъэльагъэрт Урысейр Кавказым нэхъ куууэ ихьэну зэриму радыр. Абдежым щегъэжьауэ къэзакъэхэр Урысейм Кавказыр къызэриззу къару хъуащ.

КъухьэпІэ Кавказым пащтыхьыгъуэр еБгъэрыкІуэныр къызыхэкІар адыгэхэм я хъунщІэтеуэхэра хуэдэу щыжаІэ. Апхуэдэхэм ягу къэгъэкІыжьпхъэщ адыгэ шууейм хъыжьаГъэр лІыгъэм и щапхъэ тельыджэу тхыдэм зэрыхэтри адыгэхэм мылькур я плъапІэу зэрыщымытари. ЗэхущІыкІ зиІэ урысей цІыхубэм игъуэджэу къилъэта, XIX лІэщІыгъуэм и ялп Іыхьэм Ермолов Алексей зэрихьа лейращ зэпэщІэтыныгъэр къэзыгъэхьеяр. ИужькІэ нэхъ политикэ щабэм зратыжьну хэтами, абдежым къыщыхьунэхуа гуанэм адыгэ-урыс зэхущытыкІэр ткІийуэ къыгъэнащ.

КъухьэпІэ Кавказымрэ Урысеймрэ я зэхущытыкІэр нэхъыбэу зэпыТатуэ щытар Уэсмэн къэралыгъуэм Ищхьэрэ-КъухьэпІэ Кавказым щызэрихьэ политикэрат. Адыгэхэр Тыркум и нэІэ щІэтт, ахъ Іуфэм Уэсмэн бы даПІэхэу Іэнэпэрэ Суджукъ-къалэрэ Іутт. ИтІани, Тыркыр а зэманым адыгэхэм я Іуэхум иджыри кууэ йолэжь. ИтІанэми, апхуэдизэ зэман зэрыдзэкІам хуэдэу, тхыдэджхэм я епГъыкІэхэр щхьэж зыхэлэжьыкІ лъэхъэнэм зекІуэ къэрал зэхэтыкІэм ехьэлІауэ къонэж. ИужьрейилъэсзыбгъупщІащ Іуэхур и пІэм икІауэ, къэралым а лъэхъэнэм къэхъуахэр къэгъэнэгъэжьын зэрыхуейм теуухуа и Іуэху бгъэдыхьэкІэр тІэкІу иригъэфІэкІуауэ къэплъытэ хъун хуэдэу зыщихьэжар. ИджырейтхыгъэкІэм уэхолІэжьа, гупсысэжэр щыэзтемыкуэ къэхъуам, гу лъыботэ щІэныгъэлІэм, лъэныкъуэ гуэрым ефІэмылІыкІыщІэу, Іуэху еплъыкІэ пыухыкІа зэраукъуэдимфым.

Адыгэхэм Кавказ зауэм емыгупсысыпІэ ялэкъым. Нобэр къызДэсым нэсу зэпкърыха хъуакъым 1829 гъэм Урысеймрэ Тыркымрэ зэращІыпІа Адрианополь зэгурыІуэныгъэр. Арат къэралитІым яку дэзэрыхьа Шэрджэсеим Урысейр наІуэу ебгъэрыкІуэну хуит зыщІар.

А лъэхъэнэм Кавказ ИщхьэрэмщІзэхэзэрыхьа Іуэхугъэ куэд щхьэусыгъуэ хузэхуауэ зауэр къэхъеиным. А зэманым Урысеймрэ Уэсмэн къэралыгъуэмрэ я зэхущытыкІэрат пщдэйрей махуэр зыкуэкІуэнрэ зэпытар. Апхуэдэ геополитикэ зэхущытыкІэ гугъуи и кІуэцІкІэ адыгэхэр гъунэгъу къэралхэм зэрабгъэдэт щІыкІэр фІыуэ зэщхьэщыкІырт: зы Іыхьэм Тыркым и лъэныкъуэр къыхахащ, адрейм - Урысейр. ТІум щыгъуэми пІэпкъым зэрихуэр зэрызэхъумэжьын Іуэхут.

ЕпщыкІубгъуанэ лІэщІыгъуэм и пэр, и кур, и кІэр зэпІлъытмэ, Урысеймрэ адыгэхэмрэ я зохущытыкІэм зимыхъуэжу сыт щыгъуи зы теплъэ иІауэ пхужьІэнукъым. ЛъэпкъымИ

Адыгэм игъогу - ЛІым иусэ-гупшыс

Усэ тхылъ Іужъуищ дахэу сапашъхьэ илъым зы гушхогъэ-пытагъэ, гулъытэгъое гугъэуз шъэф макІэ горэ апкъынэнлынэмэ къахалъхьэ. Лъэпкъым къырыкІоГъэ пстэур зэхэозгъэшІэрэ гупшысэ, усэ ыкІи псэлъэ-тхыпхъэ пэпчъ джары къызэрэуатэрэр.

УСЭХЭР зиехэр АР-м ит къуаджэу Кощъхаблэ щыщэу Дзэсэжъ Заурбый ары. УрысыбзэкІэ матхэ. Тхылъищыр илъэс зэІэпытхэм - 2015-м, 2016-м ыкІи 2017-м къыдигъэкІыгъ. Алэрэм зэреджагъэр усакІор «Стихи опустевшей сакли».

Мыщ дэжьым усэ тхылъхэм аватор фэгъэхьыгъэу гущыІэ заулэ къэтІон. Дзэсэжъ Заурбый - тарихьлІэжь, гупшысакІо, общественнэ ІофышІэщэу, евгэнгъэ-гъэсакІо ыкІи епщэжьыгъ. Тхылъ пэпчъ ІыкІэлъ шІэныгъи, идунэеепльыкІэ гъэнэфагъи, ицІыкІыгъэ хабзи, илъэпкъ шъхьэлъытэжьи къыпфызэхафы. УрысыбзэкІэ матхэми, ягукІэ зэрэадыгэ шъыпкъэр, лъэпкъ гупшысакІэр зэрэфэІэрыфэгъэр, игущыІэ пытэу зэригъэуцурэр ыкІи уасэ зэрилэр, исатыр гъэчъыгъэхэм зэхъуягъэшІэ.

Дзэсэжъым иапэрэ усэ тхылъ Черкесиер зэбгырачи, зэхагъэзи зэрагъэкІодыгъэр, лъэпкъышъуагъэу адыгэм щыщыбэ зэрэфэхыгъэр илъэси 150-рэ зэрэхъугъэм Дзэсэжьыгъэу къыдигъэкІыгъагъ. НэкІубгъо 450-рэ хъурэ тхылъым гупшысэ иныр зэпыгъэшъагъэу щІэлорышІэ ыкІи зэфэдэу пхырэкІы. Кавказ щІыб лъэпкъхэмкІэ ыкІи анахьэу адыгэхэмкІэ мэхьанэ зиІэр - чІыгэр, кущъаджэр, лакъор, хапІэр, унэр, Хэгъэгу-хэкужьыр арых. О уие ушъпкъэм фэдэ хъун щыІэп, уиунэ дэпкъэм укъызэрагъафабэу, укъызэрауХьумэу, узэрагъэгушхоу, мы дунэешом зы чІыпІэ гуІэтыпІэ гори къыщыгъотыгъуай. Ау джэнэт чІыпІэр адыгэхэм Тхьэм къызафегъэшъуашэм, ар заокІэ, гъаблэкІэ: тхьамыкІэгъуабэкІэ «апщыныр» фаеу ыІытэгъагъэкІэ енэгуягъо. Кавказ заоу (1763 - 1864) илъэси 100-м кІуагъэм Черкесиер екІодылагъ. А тхьамыкІэгъо Іаем лъэпкъыр къэмышІэжьынэу ыуІэзгуГъ, ныжъгъэиГъ; ыгъэутыси, зэошхом ёкелыжьыгъэ щыІэмэ, хымэ къэрал чыжьэмэ зэфэпэшъхьафэу аритэкъуагъ. Ау псэр яхьафти, еэзгъыгъэх; щІагъэр, лІыгъэ хабзэр анапэу, лІэшІэгъэхэр къызэранэкІыгъэх. Ау мы заор анахь нэкІубгъо щуцІэу адыгэхэм ятарихъ шІэжь (гъунэпкъэ цІыхьаджэ) къыхэнагъ.

Дзэсэжъ Заурбый итхылъэу «Стихи опустевшей сакли» зыфиІорэр темэ инэу, хьугъэ-шІэгъэ нэшхъэеу Кавказыр зэрэщытэу зыгъэпщІымэгагъэу, лъепсэкІодыр лъэпкъым кІыфэзыхьыгъэм ехьылІагъ. Авторым кІегъэтхъэу, гукъаор ыблыгоу, гъыбзаІоу зэрэхэмытыр, игуэкІи щымыгупшэу ыгъэзыбаркъырэп, ау къыгурэІо ыкІи къытеІо, тарихъыр уапэкІэ уыплъэнымкІэ, улъыкІотэнымкІэ лъапсэу зэрэщытыр. УсакІом тарихъым мэхьанэ ретыр: блэкІыгъи, щыІи, къэкІощти ащ ыІаплІ зэрифэрэр кІегъэтхъы. Хъурэ-шІэрэ пстэумэ ЧІыгужьым иджжмакъэ зэрашъхьыщыщырэр къыхегъэщы. Черкесиер зэрэфэхыгъэр, адыгэ лъэпкъыр «ахьаджи», зэтеутыгІэ (лъапсэмрэ шъхьапэмрэ зэпэзырызэу) зэрэхъугъэр, псэм илиуз мыкІыжьэу цІыф шІэжьым къызэрэхэнагъэр тхакІом иусэ сатырхэм къащеІо. Адыгэхэм я XIX-рэ лІэшІэгъэм къинышхохьазабэу ащэчыгъэм мы апэрэ усэ тхылъыр фэзгъэхьыгъ. Ау къин закІэу щыІэныгъэр зэхэлъап - Іотэжьыгъэр къэкІо.

Дзэсэжьым итхылъыкІэ усэ 400 Іэпэ-цыпэ къыдэхьагъ, зы усэр хэгъэкІи, усэ сатыр, гущыІэ пэпчъ акъылкІэ ушъагъэ. Авторыр къыфаджэрэп заом, къыфаджэрэп губжьм, Іэягъэм, ау шІоигУ лъэшэу, усэ мэкъэ лъэшкІэ къеІо мы дуныгъэ.

Шъыгъо-шІэжь мафэм

Адыгей

Адыгэ Республикэм лъэпкъ Іофхэмкіэ, Іэкіыб къэралхэм ащыпсэурэ тильэпкъэгъухэм адырянІэ зэпхыныгъэхэмкІэ ыкІи къэбар жъугъэм иамалхэмкІэ и Комитет шъыгъо-шІэжь Мафэм фэгъэхьыгъэ Іофыгъохэр республикэм зэрэщыкІощтхэм щытегущыІагъэх.

КОМИТЕТЫМ итхьаматэу Шъхьэлэхъо Аскэр зэрэхигъэунэфыкІыгъэу, зэхэщакІо купым зэІуКІэгъэу зауПэ ИІагъ. ШІэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэкІэ, культурэмкІэ министерствэхэм, республикэ общественнэ движениеу «Адыгэ Хасэм», нэмыкІхэм яліыкІохэр зэхахьэхэм ахэлэжьагъэх.

- Хабзэм икъулыкъушІэхэмрэ общественнэ движениехэмрэ зэгъусэхэу унэшІо хэхьигъэу рахъухьагъэхэр дэгъэу агъэцакІэгъах. Жьэныгъэхэм и 21-м республикэм ирайонхэм, Мыекъуапэ зэІуКІэгъухэр ащыкІощтых, - къыІуагъ Шъхьэлэхъо Аскэр.

Адыгэ Хасэм итхьаматэу Лімышщэкъо Рэмзэан къызэрэхигъэщыгъэу, зэхэщакІо купым анахьэу инэплъэгъу итыр Мыекъуапэ ипарк къыщыублэнышъ, зэхэтхэу къалэм иурам шъхьаІэу Краснооктябрьскэм къызэрэрыкІощтхэр, филармонием дэжь къызынэсхэкІэ, ЗыкІныныгъэмрэ ЗэгурыІоныгъэмрэ ясаугъэт ыпашъхьэ Іофыгъор зэрэщыцІысхьагъэр.

Республикэм щыпсэурэ лъэпкъхэм яобщественнэ движениехэри зэІуКІэгъуэм хэлэжьощтых. Къэндзалэм культурэмкІэ якупэу «Дуслыкым» ипащэу Алям Ильясовым зэриІыпытэрэмкІэ, тарихъыр нахьышІоу ашІэным фэщІ лъэпкъэу республикэм исхэм ягуКІае зэдаІэтын, ягушІуагъо зэд.

СтІашъу Яхье, ГъуКІэлІ Асхьад, Мурад Гощтлапіэ, Хьаджымэ Эльвирэ зэхэщакІо купым ыІофшІагъэ мэхьэнэ ин ратыгъ. Нэрылъэгъу ІэпыІэгъуэхэр, къэбар жъугъэм иамалхэр уахъэм диштэу агъэфедах. Хэкужь Адамэ изэгъэшІэнэмэ къащыхигъэщыгъ шІэжь тІэным фэщІ тарихъым инэкІубгъохэр щыпкъагъэм тетэу цІыфхэм къафэІотэгъэн зэрэфаер.

Къэралыгъо филарморием пчыхьэзэхахьэр зэрэщыпльагъэкІотэщтым, къэлэ паркым икІэишхо остыгъэхэр пчыхьэм зэрэщагъэуцущтхэм, іэпкъхэм яэзыкІыныгъэ гъэпытэгъэным, фэшъхьафэм ятегущыІагъэх.

- ЦІыф лъэпкъи 100-м нахьыбэ Адыгэ Республикэм щэпсэу, - къыІуагъ Шъхьэлэхъо Аскэр. - ШІэжь зэхахьэм зыфэдэгъэхьазырзэ, анахьэу тызыпылІыгъэ Кавказ заом къыпкъырыкІыгъэ тхьамыкІагъом фэдэхэр щІыфхэм къямыхъулІэжьынэр ары.

САХЬИДЭКЪУ Нурбый.

Сурэтым итхэр: **Хэкужь Адам, Шъхьэлэхъо Аскэр, ЛІымышщэкъо Рэмзэан.**

ДЭРБЭ Тимур

Аужрэ жьыкъэщэгъур

«...Адыгэжь быракъыри жьыбгъэми зэрехьэ,
Тадэжь якъэбархэр хэт мыгъом къызфихьын сэ,
ооооооо,
Истамбылым сащэ мыгъэри сэ».

Аужрэ жьыкъэщэгъур ар псынкІа, хьаумэ къина,
Ахърэтым упэблагъэу дунаим ар ыгъуна?
ЗэхешІа шъуІуа сабыеу, быдзашъоу псэр зыхэкІрэм,
Ны хьадзэм ибыдзыщэ кІэхъопсэ зыІэкІэкІрэм?

Хьадзэгъур къыфэсыгъ ащ, хы бзыумэ агъэежьы,
Рахьыжьэшъ мэлэІичэу инэфи ом ратыжьы.
Зыщыщы лъэпкъыр бзакоу, тхьамыкІэу къагъэнагъэшъ,
Дунаир ащ фэгъэжьы, фэгъыжьы ыГу егъуГэшъ...

Бзыльфыгъэ хьадзэу щылъым ыбыдзы пыгъэнагъэу
Сабый быдзашъор хьадзэу ныбашъом къытенэжьы.
Хьэдэ мэ Іаер жъоркъым, жьы стырым хэкІокІагъэу
ХыІушъор зэлъиубытэу тыгъэжьэу рехьыжьэжьы.

Бзыльфыгъэм сыд фишІэни хыІушъом ІулІыкъащтмэ,
Сабый быдзэшІо цІыкІур ащ псынкІэу кІэльыкІощтмэ,
Сыд гущэм ригъэшІэни иуз хэужъыныхьащтмэ,
Нэмысэз Истамбылы ыпситІу Тхьэм Іихьажьыщтмэ.

Фэягъ ар, пшысэм фэдэу, тъыпэскІэ гъэшъокІыгъэу
Зэгорэм зэрщытыгъэу хъужьыныэу ищыІакІэ.
Фэягъ ар насыпышІоу, шъхьэгъэусэр игьоигоу
ЩыІэнэу джыри бзэрэ, дзэнэжу ащ игъашІэ.

Къоджэ кІэракІэу, шхъуантІэу, чъыгайхэр къызщыкІыгъэу
УмышІэжьынэу хъугъэм насыпыр щыкІосагъ.
Псэр къызныкІэгъэ закъоп, адыгэм ІэшІагъэр
Гугъэнчъэу, чІым щиз ышІэу пачъыхьэр щыхъушІагъ.

Зы къуаджэп, зы къуладжэп, зэрэшъолъыпэу мэсты,
Іугъуамэр бгъэжъ шъхьафитми, бзыу лъэшми алъэІэсы.
Оуиу, бгъэжъышхом фэдэу силъэпкъ зиІэтыгъагъэмэ,
Мы жъалымыгъэу хъурэм иціыфхэр щиухъумагъэмэ!

Зэманхэр зызэбгэкІрэм игугъу амышІыжьынэу,
Тилъэпкъ зэхаупкІати, лъэпсэгъэкІод ашІыгъэшъ,
ЩІыгу ІэшІоу яхэгъэгур джы пыим ыхъункІагъэшъ,
Ежьагъ лъэпкъ егъэзыгъэр Тыркуем икІыжьынэу.

Ежьагъ ар рагъэзышъэ, хыІушъом екІолІэжьы,
Хьазабыр ящыгчышъурэр тырку къухьэм итІысхьан.
ШъхьэегъэзэшІэм лъыхъурэм зы гугъэр къыфэнэжьы
А гугъэ закъор пшысэу Тыркуеу гум илъын.

Ау мыдкІэ нэбгрэ минхэр зыкІэмыІэшъоу щылъых,
Пшэхъоцэ Іужъумэ жъажъэу анэгухэр чІаухъумэж,
Хьэдэ шъэ пчъагъэр абгуКІэ сатырэу щызэголъых,
Гъэрет къыщфэнэжьыгъэм хьадзэгъум зыщцеухъумэ...

Аужрэ жьыкъэщэгъур, ар псынкІа, хьаумэ къина,
Ахърэтым упэблагъэу дунаим ар ыгъуна?
ЗэхешІа шъуІуа сабыеу, быдзашъоу псэр зыхэкІрэм,
Ны хьадзэм ибыдзыщэ кІэхъопсэ зыІэкІэкІрэм?

Егъашіи жьы хъущтхэп

Урысыем Адыгеим, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Къэрэщэе-Щэрджэсым янародненэ артистэу, медалэу «Адыгеим и Щытхъузехьэр» къызыфагъэшъошагъэу, композиторэу Дмитрий Шостакович ыцІэкІэ агъэнэфэгъэ шшухьафтыным илауреатэу Нэхэе Аслъан Хаквэ заомрэ искусствэмрэ афэгъэхьыгъэу гущыІэгъу тыфэхъугъ.

- Аслъан, мы мафэхэм Краснодар краим, Адыгэ Республикэм концертхэр ащыІэзэхэшъощэх. Лъэпкъ искусствэм зегъэушъомбгъугъэнкІэ сыда анахьэу шъуишофшІэн къыщыхэхьыгъэщырэр?

- Адыгэхэм тарихъ гъогоу къакІуГэр щІэныгъэлэжьхэм, тхакІохэм, композиторхэм яІофшІагъэхэм игъэкІотыгъэу къащаІуатэ. Арэу щытми, тильэпкъ ищыІэкІэ-псэукІэ нахь игъэкІотыгъэу искусствэм къыщыдгъэльэгъон фае. Ижьырэ орэдхэм, къашъохэм къащыублагъэу зэкъошныгъэм игъэпытэн, мамыр зэхэсыгъэм игъэдэхэн, тишэн-хабзэхэм афэгъэхьыгъэхэр тиконцертхэм ахэтэгъахьэх.

- Адыгабзэм игъэлъэпІэн, адыгэ пщынэм яхьылІэгъэ орэдхэр Дер Абир, Тыгъужъ Асыет къыхадзэх. Мышъэ Андзаур пщынэр «къегъэгущыІэ»...

- Ащ фэдэ лъэпкъ орэдхэм гупшысэ куухэр уагъэшІых. ОшІэ, уиныдэлъфыбзэкІэ цІыфхэм зыкъыхэзхябгъэхьы пшІоигъо зыхъукІэ искусствэм иамалхэр къыдэпльытэнхэ фае. Адыгэу дунаим тетхэм я закъоп тиорэдхэмкІэ тызыльльэсхьэрэр. Урысыем, Іэкіыб къэралхэм ярыс лъэпкъхэм тикъашъохэмкІэ, иорэдхэмкІэ, тиадыгэ щыуашэхэм ядхэгъэкІэ тыкъалъэгъунэу, тыкъызэхахынэу тыфэай.

- Гухэлъ инхэр шъуиІэх, ахэр къыжьудэхъунхэу олъыта?

- Урысыем и Правительствэ ишшухьафтын «Исльамыем» къызэрэфагъэшъошагъэр, тиконцертхэм нэбгырэ мин пчъагъэ яплъыхьэу зэрэтлъэгъуахэрэр уиупчІэ иджэуапэу сэлъытэ. Олимпиадэ джэгунхэу Лондон, Шьачэ ащыкІуагъэхэм, нэмыкІ хэгъэгу ыкІи дунэе зэІуКІэгъу инхэм «Исльамыер» арагъэблагъэ...

Орэдым икъызэхыкІ

- «Исльамыем» орэди 100-м нахьыбэ къеІо. Ахэр ансамблэм пае зэбгъэфагъэх.

- Орэд пэпчъ гупшысэ хэхьигъэ иІ, къашъоу гъусэ фэтшІыщтыри ащ епхыгъ. Пэсэрэ орэдхэм къащыублагъэу джырэ ехъытэ аусыгъэхэри къатІохэзэ, Европэм икультурэ льагэ концертхэм къащытгъэльагъэ.

- Тхэкіо цІэрыІохэу Мэщбэшіэ Исхьакъ, Жэнэ Къырымызэ, фэшъхьафхэм ягущыІэхэм атекъыгъэ орэдхэр «Исльамыем» къеІох. Ари дэгъуба?

- Фольклор ансамблэу тызэрэщытыр къыдэтлъызэ, лъэпкъ шІэжь, гупшысэ куухэр зыхэлъхэр къэтэІох. Мэщбэшэ Исхьакъ ным игумэкІ, унагъом иунэ, нэмыкІхэм афэгъэхьыгъэхэр егъашіи жьы хъущтхэп, пІуныгъэ кІуачІэ ахэлъ.

Шіэжьым уегъэгъуазэ

- Жъоныгъуакіэм и 21-м щыягъо-шіэжь мафэ. Ащ екъыліГэгъэ зэхахьэхэм мэхьанэу яшытыпхэм къытегущыІэба.

- ЛІэпкъ тхэпІэ тарихъ иІ. Адыгэхэм гъогу къин щыІэныгъэм къыщакІуГэ. Кавказ заом тэ, адыгэхэм, тхьамыкІагъо къытфихьыгъэр гъашІэм зэкІокІэщтэн. Илъэс къэс Мыекъуапэ щыкІорэ шъыгъо-шІэжь зэхахьэхэм «Исльамыер» ахэлажьэ, пэсэрэ гъыбзэ орэдхэр къащеІох, театрализованнэ къэшыгъэхэр къегъэлъагъэх.

- Филармонием щызэхащэщт зэІуКІэм сыда щыІэзэхэтыщтыр?

- «Сэрмафэр», «Озэ Мурат», «Айдэмыркъан», «Хьатх я КьокІасэ», нэмыкІхэр къыщытІощтых. Тиорэдхэм льэпкъым игумэкІ, ишІэжь, инеущрэ мафэ зыІфдэмэ тшІоигъор ахэлъ. Іыпэкъэр зэпэдгъэуцухэрэп, бырсыр азыфагу къихьанэу тыфаеп. Заом тызэрэфэмыер къэтэІо.

- Сирием щыкІорэ заом къыхэкІыжьыгъэу Дер Абир, адыгэ бзылъфыгъэ ныбжьыкІ, «Исльамыем» иорэдыо хъугъэ.

- Тильэпкъ искусствэм иамалхэмкІи зеугъоижьы, тиорэдхэмкІэ дунаим тыкъыщыдгъэхахы. Дер Абир адыгэ пщынэм ехьылІэгъэ орэдыр къыхедзэ, «Исльамыер» дежьэу. Сэнаущыгъэ зыхэлъ ныбжьыкъэм тапэкІи Іофэ адэтшІэщт. Адыгэ Республикэм иІэшъхьэтетхэм тафэраз. Къоф республикэхэм, ГъунэгъУ крайхэм, хэкужъм нахьыбэрэ тахэхьаныкІэ хабзэм икъулыкъушІэхэр Іэпыіэгъэшу къытфэхъух. Гъусэныгъэ зэрэзэдытІэжьэм ишІуагъэкІэ тІоофэр нахьышІоу зэрэлъыкІотэщтхэм сицыхьэ телъ, мурад хэхьгъэу тиІэхэр щыІэныгъэм щыпхырыпэщых.

- ЩъыигуукІэгъэ къыжьудэхъунхэу сышъуфэлъаІо.

- Тхьауегъэпсэу.

ЕМТІЫЛЪ Нурбый.

Театрализованнэ щъыгъо Іофтхьабзэу ильэс къэс Мыекъуапэ щызэхащэрэм Адыгеим инароднэ артистКэу Уджыхъу Мариет Къуекъо Налбый ирассказэу «Абдзахэмэ ян» зыфиІорэм къыщеджэу бэшІагъэу щызэхэсхыгъагъ. Залышхом щыкъыщыщэу тхьамыкІэгъошхом икъэбар едэІугъ, цІыфхэм ащыщыбэхэм анэпс къэкІуагъ.

Уджыхъу Мариет

КАВКАЗ заом тхьамыкІагъоу адыгэхэм къафихьыгъэм икъэбарэу къэзгъэлъэгъоным къыщыдгъэзэм Мариет къызэрэдгъэзэжьыгъэ Іофыгъо зэрэщыІэкІощтхэр, филармонием дэжь къызынэсхэкІэ, ЗыкІныныгъэмрэ ЗэгурыІоныгъэмрэ ясаугъэт ыпашъхьэ Іофыгъор зэрэщыцІысхьагъэр.

Республикэм щыпсэурэ лъэпкъхэм яобщественнэ движениехэри зэІуКІэгъуэм хэлэжьощтых. Къэндзалэм культурэмкІэ якупэу «Дуслыкым» ипащэу Алям Ильясовым зэриІыпытэрэмкІэ, тарихъыр нахьышІоу ашІэным фэщІ лъэпкъэу республикэм исхэм ягуКІае зэдаІэтын, ягушІуагъо зэд.

СтІашъу Яхье, ГъуКІэлІ Асхьад, Мурад Гощтлапіэ, Хьаджымэ Эльвирэ зэхэщакІо купым ыІофшІагъэ мэхьэнэ ин ратыгъ. Нэрылъэгъу ІэпыІэгъуэхэр, къэбар жъугъэм иамалхэр уахъэм диштэу агъэфедах. Хэкужь Адамэ изэгъэшІэнэмэ къащыхигъэщыгъ шІэжь тІэным фэщІ тарихъым инэкІубгъохэр щыпкъагъэм тетэу цІыфхэм къафэІотэгъэн зэрэфаер.

Къэралыгъо филарморием пчыхьэзэхахьэр зэрэщыпльагъэкІотэщтым, къэлэ паркым икІэишхо остыгъэхэр пчыхьэм зэрэщагъэуцущтхэм, іэпкъхэм яэзыкІыныгъэ гъэпытэгъэным, фэшъхьафэм ятегущыІагъэх.

- ЦІыф лъэпкъи 100-м нахьыбэ Адыгэ Республикэм щэпсэу, - къыІуагъ Шъхьэлэхъо Аскэр. - ШІэжь зэхахьэм зыфэдэгъэхьазырзэ, анахьэу тызыпылІыгъэ Кавказ заом къыпкъырыкІыгъэ тхьамыкІагъом фэдэхэр щІыфхэм къямыхъулІэжьынэр ары.

САХЬИДЭКЪУ Нурбый.

Сурэтым итхэр: **Хэкужь Адам, Шъхьэлэхъо Аскэр, ЛІымышщэкъо Рэмзэан.**

«Тигъэгъыгъ» яІозэ къысаІо

КъэсэшІэжьы жъоныгъуакІэм и 21-м, шъыгъо мафэхэм къуаджэхэм къарыкІыгъэхэу театрэм цІыфыбэ дэдэ ЧІэсэу «Абдзахэмэ ян» сыкъеджэгъагъ. А мафэм зытхыгъэми, къеджэрэми ацІэ къыраІорэп, зэкІэльыкІоу номерэр макІэх. Рассказым сыкъеджэ зэхъум тарихъыр икІэрыкІэу зэпырыгъэзагъэм фэдагъ. Залым чІэсым инахьыбэр хъугъэфыгъагъ.«Абдзахэмэ ян» тхьамыкІэгъошхоу къехъулІагъэм икъэбар къызэхихьыгъэ, зэрэраІощтыр амышІэу Амдзхъан зэрэдэгущыІэхэрэм хьулъфыгъэхэр зэрэхэпскІыкІыхэрэр зэхэсхыгъэ. Хьулъфыгъэр гуГэгуае, ау ащ ыпчый къызэфешІы, къызэІуехьэ, етІани ынэпс къэкІо, зэрэгъэкъэрэр къызэгурыІуагъ....

- Мариет, кавказ заом икъэбар къэзыІуатэхэу, зыщІэхэрэм анахьыб и ХХ ипэ-25-рэ лагъ къызэшІошы. Сыда пІомэ заом ыпкъ ыкІи Іэзичыгъужь къэзыбгынэгъэ Беданэкъо Лакъом ухэхьагъ, Іэкіыбым ыкІиІыжьыгъэ Аднан шъхьэгъуэ пфэхьуГэ, сабый дахэжэ шъуиІэж, шъэуитІукІэ лакъор бгъэбаигъэ. Ильэс 27-у Беданэкъо лакъом узыхэсым а хьугъэ-шІагъэр нахь къыіппэблагъэ къыШІыгъэу, ащ къыхэкІэу гуузлыуэр нахь къыпхэхьагъэу къысшІошы.

- ТицІыкІугъом, тиныбжьыкІэгъум Кавказ заом фэгъэхьыгъэ къэбар зэхэтхыгъэу щытыгъэп. Ау еджапІэр кэтыухи, Ленинград тыщеджэнэу тызыкІом, Іэкіыбым тильэпкъэгъухэр зэрэщылІэхэм, ахэр ащ зыхьыгъэхэм нахь сегупшысэу сыхъугъ. ЕтІанэ 1989-рэ илъэсым Сирием зекІо сыкІуагъэу, етІанэ щхьэзгъусэ сфэхъугъэ Аднан ядэжь хьакІэу сыригъэблагъагъ. Алеппэ дэжь адыгэ къуаджэу Мэмбыдж ахэр щыпсэущтыгъэх. «Кавказым пшъэшъэжьыер кІыкІыгъ» аІозэ къысаІо. Джауущту зы бзылъфыгъэ иобразкІэ льапэкъым пэкІэкІыгъэ къиныр Налбый къэІотэн ыпъэкІыгъ. А рассказым ситворчествэ ЧІыпІэшъо щеубыты.

Сэ театрэм сызышылажьэрэм къыщегъэжьагъэу сэмэркъэури, мелодрамэри сикІасэу къэсшІыгъэх. Ау трагедиер іэпэшъэу хьыпІэ къэпшынкІэ, кІочІэшхо пІехы.

Мариет сабийхэм Іофэ зэрадишІэрэм нэмыкІэу Іэкіыбым ыкІижьыгъэ адыгэхэр тищыІакІэ хэгъэозэнхэмкІэ ыпшъэ ифэрэр бэ. ЩыкІагъэ зиІэр зэкІэ ащ кьеуанІэ. Марием Беданэкъо мэхьанэ, ау ІэкІыбым къикІыжьыгъэ адыгэхэс зэкІэми бэрэ джэуапэгъу афэхъуащ, ныбжьыгъуэр есэмэркъэухэзэ, Мариет ралО «къэкІожьыгъэмэ зэкІэми уряныс» аІошъ.

Мы Іофыгъом изэшІохын о уиІахьэу хапІэхьэрэм зэкІэри щыгъуаз, ащкІэ лъэпкъыр къыпфэраз. Псауныгъэ уиІэу джыри бэрэ ныбжьыкІэхэм уадэлэжьэну пфэтэІо, Марием.

СИХЬУ Гощнагъу.

ТIасхъэщIэхым и гукъэкIыж

КъШР Хьэжрэтхэм я дыщэ

Урыс-Кавказ зауэжьым и лъэхъэнэм пащтыхь Николай Езанэм и унафэ щхьэхуэкIэ Кавказым къагъэкIауэ щытащ штабс-капитан Торнау Фёдор, адыгэхэм я цIыху бжыгъэр зыхуэдизыр къищIэн, къуажэхэр здэщыс щыпIэхэр, жылагъуэхэм уезышалIэ гъуэгуэхэр, куршыпс Iэлхэм я икIыпIэхэр, нэгъуэщIхэри IупщIу зэхэхауэ зэрыт топографическэ картэ зэхигъэувэн папщIэ. Ар адыгэ Хэку кIыхьэуну къигъэкIуа дээм сэбэн хуэхьунут.

ТОРНАУ и закъуэкъым а лъэхъэнэм апхуэдэ пщырыль зиIэ урыс офицеру ди хэгъуэгум «щыхьэщIар». Пэжщ, абы щыгъуэм урысыдзэм и тIасхъэщIехэр ди лъэпкъым и бийуэ щытами, Кавказым кьинэжа адыгэхэм я блэкIар зэфIэгъувэжыныем елэжь щIэныгъэлIхэм, тхакIуэхэм тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу къахэнэр Торнау хуэдэхэм къащIэна тхыгъэжьхэращ.

ТIасхъэщIэх офицерхэм картэ зэхагъэувэм и мызакъуэу, абы къыщыгъэльэгъуа щIыпIэхэм, къуажэхэм щыпсэухэм я зэхущытыкIэхэр, зэрахьэ хабзэхэр кьанэ щымыIэу къратхэкIащ.

ТIасхъэщIэх Торнау къэбэрдеипщ Кьетыкъуэ Зэхущытыкъуэ и унагъуэм теухуа къэхъугъэ гъэщIэгъуэн итхыжащ.

«1821 гъэм Ермолов Алексей Пётр и къуэм Къэбэрдеймрэ зэщIэхъееныгъэр щигъэжьыхьа нэужь, къэбэрдеипщхэмрэ уэркъхэмрэ Урысейм и бжьым щIэрыбэн ямыдэу, Псыжь адрыщым Iэпхъуэжу щIадзащ. Абыхэм ящыщ зыт Кьетыкъуэ Хъэмырзэ и щIалэ Беслъэн. Хъэмырзэ и къуэр урысыдзэм нэхъ ерыщу къыпэщIэтахэм ящыщщ. А лъэхъэнэм Беслъэн гуэгъэпщIам хуэдэу и зауэлI шугъуэзт и щIалэ, илъэс 12 нэхъ зимыиньбжь Аслъэнджэрыр. И ныбжьым емылъытауэ хуабжьу ерыщу, зэуэным хуэIэижьу а сабий хахуэр зрыс сэлэтхэм къапэувыт.

ЗэманыбфIкIэ Кьетыкъуэм урысыдзэр игъэгумэщIа иужькIэ, Ермоловыр Беслъэн гурыIуауэ щытащ урысхэм я лъыр гъэжэныр нэхъ игъэкIащхъэмэ, Къэбэрдеймкъыщына и жылэр къуритыжьыну, ахэр Уарп псыщхьэ къэIэпхъэунуи хуит щIыну. Беслъэн псалъэ итам тету лъы гъэжэныр нэхъ игъэзабыррр, и жылэр Уарп псыщхьэ къиГъэIэпхъуэжащ. ПIалъэ кIэщIкIэ Кьетыкъуэм хуэзфIэкIащ къэбэрдей хьэжрэтхэм пщIэшхуэ зыхуащI, зи жьIэ яГъэзащIэ лъэпкъ пашэ хъун.

Зы илъэсым къриубыдэу абы лъэкIащ хьэжрэт минитхум щIигъу къызыкъуигъувэн икIи цIыхухэм зэдащтэри ар я пщы уэлийуэ хахащ. Зэманым куэд дэмыкIыу Беслъэн и куэрри Уарп псыщхьэ къэIэпхъуэжащ. Абыи зы щIалэ иIэт, Адэлджэрий и цIэу.

Кьетыкъуэ зэкъуэш нэхъыжьхэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжми, я щIалэхэм апхуэдэ зэкъуэтыныгъэрэ Iыхьлыгъэ-Iэфыгъэрэ яку дэлъакъым. Адэлджэрий и адэ къуэшым и къуэ Аслъэнджэрий хуэдэу, и лIыгъэкIэ хэгъэгум и щIэ щыIыдауэ, акъыл зиан, хьилагъэ къызэрымыкIуэ иIакъым. Ауэ удихьхьу хьэл-щэныфIэт, цIыхухэм пщIэ къыхуащIыт, фIыуэ кьалъагъурт, а псом ящхьэжу, узыфIэмыкIыжьыну щIалэ дахэт.

А лъэхъэнэм адыгэщIым и дэнэ лъэныкъуэкIи и хьыбар щыIуат беслъэней лIакъуэм я пщы уэлий Кьанокъуэ Етэч и шыпхъу тхьэгъэхудым - Гуащэхужь. Зауэ гуащIэр екIуэкIми, къызэтемыуыIэу пщащэм псэльыхьу щауэкэр хуэзэблэкIхэрт.

Кьетыкъуэ зэкъуэшхэм я дежкIа Кьанокъуэ гуащэм и хьыбарыр кьаухьэсэ, ахэри псэльыхьхуэхэм кьахэхъуащ. Гуащэхужь зэкъуэшхэм «хьэуэ» пыухыкIауэ кьажриэрэтэкъым, ауэ икIи зыщигъэгугъыщэрэтэкъым. Апхуэдэу гуащэм игу нэхъ зыхуэгъэзар наIуэ ящIауэ щымыт пэтми, пщыхьэщхьэ гуэрым Гуащэхужь Адэлджэрий дэкIауэсэри, абы и унагъуэ ихьащ.

Армырми щхьэхьIфэфI Аслъэнджэрий, аслъэн губжьам хуэдэу, абы кьыгригъэхьауэ, и гур зэгуэтхырт. Ар дауэ хъунт, къэбэрдей хьэжрэтхэм я нэхъ лIы пхъашэ Аслъэнджэрий кьыхимыхьу, «здагъэтIысам деж къэмытэджу щыс» и къуэшыр гуащэм кьыхихауэ? ЩхьэкIуэм щыам щIихуэ пщы щIалэщIэм Тхъэ иIуащ Гуащэхужь езым кьыщIалъымысакIэ, нэгъуэщIми лъымыгъэсыну икIи пщы Аслъэнджэрий ещанкIуэу щIидзащ и адэ кьуэшым и кьуэ Адэлджэрий и щхьэгъуэз хъуа Кьанокъуэ Гуащэхужь.

Адэлджэрий гъуэгу тетауэ унэм къэкIужу Аслъэнджэрий пежьэри, щIалитIыр зэпэуэри я фочхэр зэтраунэщIащ. Зэкъуэшхэр уIэгъэ хьэлъэ зэрыщIауэ я унэхэм ирашэлIэжри, я фэбжьхэр зэпщIыжьыс заущэхуи хуей хъуащ.

Кьэбэрдей хьэжрэтхэм я пщы уэлий Кьетыкъуэ Беслъэн Хьэмырзэ и кьуэм, пщIэшхуэ зиIэ лIы Іущ зиIэзэрытым щхьэкIуэ Беслъэн Кьетыкъуэкэ къащыщIар икIи зэкъуэшхэр зэригъэжьыным лъэкI кьимыгъанэу иужь итащ. Зэшхэм щIыIагъэ ягу зэхуилъу щытми, щIыхуэхэм я пащхьэ къашымигъэлIагъуэу Беслъэн псэуху заущэхуащ. Ауэ пщы уэлийр и ахърэт мащэ щекIуэлIэжьым, щIалитIым я зэхущытIэным щIадзэжащ. Зэкъуэшхэр зэблэмыкI щыхъуэм, Беслъэн и куэш пщы уэлиигъуэр зыльысам и унафэкIэ, Адэлджэрий и унагъуэр щIигъуу Къэбэрдей ЦIыкIум яГъэIэпхъуащ, Аслъэнджэрий ирамыгъащIэу.

Аслъэнджэрий ар къыщIащIэм, армырами и акъыл утхъуауэ щытар нэхъри кьызэщIэбатэри, и адэ къуэшым еуэри иукIащ. Хьэжрэтхэм куэд яхэтт Адэлджэрий и лъэныкъуэр хъэзыщтэуи, абыхэм гъуэнэдэуэ яукIыным Аслъэнджэрий щыиныри, абазэхэхэм я деж Іэпхъуэжащ».

Тхыдэм, Торнау и тхыгъэхэм кьызэрыхэнамкIэ, а лъэхъэнэращ Аслъэнджэрий тIасхъэщIэх урыс офицерыр гъэр кьищIыныр и акъылым кьыщIыщIыуар. Псалъэр кьыздикIар ямыщIэжми, Аслъэнджэрий хъыбар кьыIэрыхьат Торнау и жьIэр урыс генералхэм псалъэ кьыхамыгъэкIыу яГъэзащIэу, пщэрылъ щэжу зиIэ кьэхутакIуэм урысхэм уасэфI къыщIатыну хьэзыру. Кьетыкъуэм и гуращэр абазэпщ Тамбийм ириуэтыпIэри, а тIум зэдащтэу Торнау гугъуехьыншэу гъэр зэрращIну Іэмалыр зэдаубзыхуащ.

Урыс офицер «къэхутакIуэм» кьыщIах уасэмкIэ Тамбиймрэ Аслъэнджэрийрэ я Іэхъу екIэкIуахэр ирагъэфIэкIуэжыну арат я гупсысэр зыхуэгъэзар. Ауэ абы кьыпэкIуэнкIэ хьуну лъыгъажэм я акъыл нэсатэкъым. Урыс пащтыхьым и дзэпщхэм я дежкIэ Торнау яфIэкIуэдкIэ хэщIыныгъэшхуэтэкъым, ауэ адыгэ кьуажжэхэр лъэрыщIыкI ящIыным ар и щхьэусыгъуэ хъарзынэт.

Торнау и хьэлъагъым хуэдиз дыщэ пащтыхьым кьыIэщIахьыным пщитIыр епщIыхьырт...

ГЪУКIЭКЪУЛ Даут.

Гъащ Iэ гъусэ

Лъэпкъкlэ дызырызми, ягухэр эпыщIауэ,
Лъыкъуэтащ адэжьхэр куэдрэ Урысейм.
Тхьэ унафэм хуэдэу, дзыхь эзуащIыпауэ
Щыпсэуащ икъраркIэ ахэр мы дунейм.
АдыгэлIхэр дзыхэу я къару щыхьакъым,
Жьыр мэЗуху бгъэгукIэ бийхэм пэщIэтащ.
Зэи лIыхъужьыщIэ ахэр хущIэкъуакъым,
Я къэрал къалэнхэм щIыхькIэ бгъэдэтащ...
Ауэ адэжь лъахэ дахэм кьефыгуэжри,
ХьэIуцыдэ гъаблэгукIэ нахуэу зрадзащ,
Я цIыхугъэ, напи пащтыхьхэм яхъуэжри,
Хэкур кьыIэщIатхъыу зауэ кьыщIадзащ.
Зыри ялэжьакъым а лъэщIыгъуэ кIуахэм,
Ди адэжьхэр кьабзэу лъэпкъхэм ядэпсэут.
Хэкур зэрапхъуапэт пащтыхь инэралхэм,
Я нэхъуейр текIауэ бейхэм зэхуагуэшт...
ЦIыхухэр я Iэщапэ мафIэм щIаугъуеяуэ,
ГуIэу тенджызэ ФIыщIэм жэщу зэпрахут.
«Истамбыл» гъыбзэжьыр абдеж щаусауэ,
Я нэхэр гъущауэ гум уэтэпс кьыщIихут.
Гуауэщ ущыгъуэну хьэкъыншэхэм дежкIэ,
Абы лъэпкъ гукъеуэ жыжьэр кьыдохьей.
Гур десыхьэ мафIэм, пэжыр щыжьтIэжкIэ,
Ди адэжь щIыналъэр дэ кьыздонэщхьей.
Хьэкъ зимыIэ щIыхуу абдеж хэкIуэдахэр
УафитI эпытами, бжыгъэр темыхуэнт.
Гъуэгум гуIэ нэпсу абдеж щIагъэкIахэр
Тенджызым хэткIуамэ, и пIэм ирихунт.
Ахэр эи лэжьыгъэм хьэгъэу эрахьахэр
Дуней тхыдэ напэм фIыщIэу кьыхэнащ,
Хэти кьилэжьаэу пащтыхь зэблэкIахэм
Нэлат здырах жьантIэр ахэм иратынщ.
ГущIэм дригъэIэу диIэ щыгъуэ махуэм
И гъыбзэ макъыр лъэпкъхэм зэхахынщ.
Ахэр ди щыхьэту ящIэнщ хьэкум захуи,
Ди лъэпкъгъэкIуэд зауэм ирагъэувэлIэнщ.

ШОРЭ Хьэсин.

Къэпкъ къупщхьэ

Уи щIыхуэ бошынныж, си лъэпкъыжь пагэ,
Уи щIыхуэ бошынныж.
Уэ зыпIэтат егъэлеяуэ лъагэу,
Иджы укъокIуриехьыж.

Хы джейри и инагъым щыгугъыжмэ -
Псы Іуфэм къытредзэж.
Си лъэпкъ, мы зэм уи щIыхуэр упшынныжмэ,
СолъэIур, къэгъэзэж:

Уи щIакъуэ пшхыр мышууэ къыщIащIыхъум,
Хэгъауэ ХыфIыщIэпс,
Уанэгум зипIэтыкIыу Тхьэм улъхьхъумэ,
ЗыщIыж аргуэру лъэс.

Уигу кьэгъэкIыж пагагъэм текIуэдахэр,
Хамэщым хэткIухьар.
Си лъэпкъ, уи лIэкIи, уи псэукIи дахэщ,
Арщхьэкlэ, упшхьыащ.

Кавказ зауэжьыр итщ иджыри ди щхьэм,
Гынышэм лъыр дощIэх.
Ди лъэпкъ щызогъэтыж, ди хьэдэ къупщхьэ
КьетхьэлIэжыну щIэх?..

БЕМЫРЗЭ Зураб.
Хьэгъундыкъуей къуажэ

Зыщыгугъар нэпцI мэхъуж

1837 - 1839 гъэхэм Адыгэ Хэкум щыхьэщIа, Инджылыз къэралым и лIыкIуэ, къэхутакIуэ, тхакIуэ Бёлл Джеймс и къэхутэныгъэхэр щызэхуихьэса, томитI хъууэ 1840 гъэм кьыдигъэкIа тхылъым и япэ томыр кьызэIуех адыгэхэм яхужиIа мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ: «Я был весьма поражен числом людей с приятной внешностью, что собрались здесь. Их характерными чертами являются высокий стан, развернутая грудь, сильные плечи, маленькая нога, живой и пронизывающий взгляд. Именно здесь можно сказать: «Человек является самым красивым продуктом страны».

БёЛЛ Адыгэ Хэкум щыхьэщIащ Кавказ зауэр мащIэу щыуэныхьа лъэхъэнэм. Абы кьыхэкIкIэ Инджылыз къэралым кьикIа хьэщIэри и бысымхэри зауэр ужьыхьыжьпэным щыгугъырт.

1837 гъэм дыгъэгъазэ мазэм и 9-м кьыдэкIа унафэр яIэщIэлъу, Урысейм и дзэ пакIэхэм Псыжь псыхъуэ щыпсэу адыгэ къуажжэхэр зэтракъутэрт. А хъыбарыр икIэщIыпIэкIэ адыгэ дзэпщхэм кьаIэрыхьащ.

Засс и дзэ пакIэхэр хьэIуцыдз быну Хьэтыкъуей Жамболэт и щIыналъэм кьилъэдауэ сабий, балигъ жамыIэу кьапэщIэхуэр яукIырт. ЦIыхухэм кьагурыIуэртэкъым абгъэдэлъ кьуаншагъэр, бийр кьэзыгъэгубжьар.

Жамболэт псынщIэу лъэпкъ зэхуэс ищIри, пащтыхьыдзэм зыщагъэгугъа мамырыгъэм игъэбэлэрыца лIакъуэм хэщIыныгъэшхуэ зэрригъуэтар гуынэгъу лIакъуэхэм я лIыкIуэхэми щIэмэ псэльыхьу щауэкэр хуэзэблэкIхэрт.

Къетыкъуэ зэкъуэшхэм я дежкIа Кьанокъуэ гуащэм и хьыбарыр кьаухьэсэ, ахэри псэльыхьхуэхэм кьахэхъуащ. Гуащэхужь зэкъуэшхэм «хьэуэ» пыухыкIауэ кьажриэрэтэкъым, ауэ икIи зыщигъэгугъыщэрэтэкъым. Апхуэдэу гуащэм игу нэхъ зыхуэгъэзар наIуэ ящIауэ щымыт пэтми, пщыхьэщхьэ гуэрым Гуащэхужь Адэлджэрий дэкIауэсэри, абы и унагъуэ ихьащ.

Армырми щхьэхьIфэфI Аслъэнджэрий, аслъэн губжьам хуэдэу, абы кьыгригъэхьауэ, и гур зэгуэтхырт. Ар дауэ хъунт, къэбэрдей хьэжрэтхэм я нэхъ лIы пхъашэ Аслъэнджэрий кьыхимыхьу, «здагъэтIысам деж къэмытэджу щыс» и къуэшыр гуащэм кьыхихауэ? ЩхьэкIуэм щыам щIихуэ пщы щIалэщIэм Тхъэ иIуащ Гуащэхужь езым кьыщIалъымысакIэ, нэгъуэщIми лъымыгъэсыну икIи пщы Аслъэнджэрий ещанкIуэу щIидзащ и адэ кьуэшым и кьуэ Адэлджэрий и щхьэгъуэз хъуа Кьанокъуэ Гуащэхужь.

Адэлджэрий гъуэгу тетауэ унэм къэкIужу Аслъэнджэрий пежьэри, щIалитIыр зэпэуэри я фочхэр зэтраунэщIащ. Зэкъуэшхэр уIэгъэ хьэлъэ зэрыщIауэ я унэхэм ирашэлIэжри, я фэбжьхэр зэпщIыжьыс заущэхуи хуей хъуащ.

Кьэбэрдей хьэжрэтхэм я пщы уэлий Кьетыкъуэ Беслъэн Хьэмырзэ и кьуэм, пщIэшхуэ зиIэ лIы Іущ зиIэзэрытым щхьэкIуэ Беслъэн Кьетыкъуэкэ къащыщIар икIи зэкъуэшхэр зэригъэжьыным лъэкI кьимыгъанэу иужь итащ. Зэшхэм щIыIагъэ ягу зэхуилъу щытми, щIыхуэхэм я пащхьэ къашымигъэлIагъуэу Беслъэн псэуху заущэхуащ. Ауэ пщы уэлийр и ахърэт мащэ щекIуэлIэжьым, щIалитIым я зэхущытIэным щIадзэжащ. Зэкъуэшхэр зэблэмыкI щыхъуэм, Беслъэн и куэш пщы уэлиигъуэр зыльысам и унафэкIэ, Адэлджэрий и унагъуэр щIигъуу Къэбэрдей ЦIыкIум яГъэIэпхъуащ, Аслъэнджэрий ирамыгъащIэу.

Аслъэнджэрий ар къыщIащIэм, армырами и акъыл утхъуауэ щытар нэхъри кьызэщIэбатэри, и адэ къуэшым еуэри иукIащ. Хьэжрэтхэм куэд яхэтт Адэлджэрий и лъэныкъуэр хъэзыщтэуи, абыхэм гъуэнэдэуэ яукIыным Аслъэнджэрий щыиныри, абазэхэхэм я деж Іэпхъуэжащ».

Тхыдэм, Торнау и тхыгъэхэм кьызэрыхэнамкIэ, а лъэхъэнэращ Аслъэнджэрий тIасхъэщIэх урыс офицерыр гъэр кьищIыныр и акъылым кьыщIыщIыуар. Псалъэр кьыздикIар ямыщIэжми, Аслъэнджэрий хъыбар кьыIэрыхьат Торнау и жьIэр урыс генералхэм псалъэ кьыхамыгъэкIыу яГъэзащIэу, пщэрылъ щэжу зиIэ кьэхутакIуэм урысхэм уасэфI къыщIатыну хьэзыру. Кьетыкъуэм и гуращэр абазэпщ Тамбийм ириуэтыпIэри, а тIум зэдащтэу Торнау гугъуехьыншэу гъэр зэрращIну Іэмалыр зэдаубзыхуащ.

Урыс офицер «къэхутакIуэм» кьыщIах уасэмкIэ Тамбиймрэ Аслъэнджэрийрэ я Іэхъу екIэкIуахэр ирагъэфIэкIуэжыну арат я гупсысэр зыхуэгъэзар. Ауэ абы кьыпэкIуэнкIэ хьуну лъыгъажэм я акъыл нэсатэкъым. Урыс пащтыхьым и дзэпщхэм я дежкIэ Торнау яфIэкIуэдкIэ хэщIыныгъэшхуэтэкъым, ауэ адыгэ кьуажжэхэр лъэрыщIыкI ящIыным ар и щхьэусыгъуэ хъарзынэт.

Торнау и хьэлъагъым хуэдиз дыщэ пащтыхьым кьыIэщIахьыным пщитIыр епщIыхьырт...

ГЪУКIЭКЪУЛ Даут.

Симпсон Уильям адыгэхэм сурэт ятрещIыкI

Кавказым лъэпкъ зэщымыщхэм кьахэкIа цIыху Іущ, зэчиифIэ куэд щыхьэщIащ. Апхуэдэ цIыху гъэзэджэт, зэчиифIэт Симпсон Уильям - тхакIуэр, сурэтыщI Іэзэр, Индж ылыз къэралым и лIыкIуэу 1853 - 1856 гъэхэм Кьухьэпlэ Кавказым щыIа, зи тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр, сурэт зэхуэмыдэхэр щIыпIэм щыпсэу лакъуэхэм тезыIухуар.

Симпсон Уильям

СИМПСОН и тхыгъэ, сурэт гъэзэджэхэмкIэщ а лъэхъэнэм хамэ къэралхэм адыгэхэм я зэуэкIэр, я фащэр, я гупсысэкIэр, я дуней тетыкIэр къызэрращIэу щытар. 1855 гъэм и бжьыхьэм Инджылызым и дзэ министр Пелэм-Клинтон Генри Къырымым щызауэ и къэралыдзэм и Іэхъу зытетыр и нэкIэ зригъэлъагъуэмэ фIэфIу Къуэлэпlэ Кавказым кьэкIуауэ щытащ, Генри и къэралыдзэм я Іэзу зытетым кьыщыщынэу, зауэ зращIыIа адыгэ лъэпкъми и псэукIэм, зыгъэгумэщIхэм зыщигъэгъуазэмэ и щIасэу ди лъахэм щыхьэщIащ. А лъэхъэнэм Генри и дзыхьщIэгъу блигущIэту щыIыгъащ Симпсон Уильям.

Адыгэхэм я хьэщIэхэм кIэлъызэрахьа хабзэр, унагъуэм щекIуэкI зэхущытыкIэхэр, я Іэнэм кьытрагъэува шхыныгъэ нэгъунэ кьритхэнкIыжащ, тхакIуэ, сурэтыщI инджылыз лIы зэчиифIэм. Симпсон и нэкIэ ильэгъуащ адыгэхэр я Хэкум папщIэ зыщымысхьыжу, кьикIуэт ямыIэу езыхэм нэхърэ хуэдизкIэ хьаку нэхъыбэ зиIэ биим зэрэпэщIытыфхэр.

Адыгэхэм я щIыналъэм Урысей Правительствэм кьрищIыхьа быдапIэхэм ящыщ зым Симпсон и бысымым кьызэригъэпэща теуэм ерагъэ здащтэри и нэкIэ ирагъэльэгъуащ лIыгъэу, бэшэчагъэу, шыIэныгъэу яхэлъыр здынэсыр, пащтыхь генералхэм «хабзи-бзыпхъи зимыIэу, зэуэн нэхъ нэгъуэщI Іуэхуэхэм хуэмыгъэпсауэ» кьалъаугъ зыгъэзэжьыр. Сурэтыщым дежкIэ а Іуэхугъуэр лъэужьыншэу блэкIакъым.

ДАУТОКЪУЭ Псэбыдэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Кавказ зауэр еух, е 1864 гъэм накъыгъэм и 21-м

1864 гъэм накъыгъэм и 21-м дунейр уфауэ, кІагъэпшагъэу, къепсэпсауэу нэху щащ. Къуэбыдэ (Мзымтащхьэ, убыххэм я лъахэм) щиувыкІа дзэм я гуфІэгъуэт: Кавказ зауэр иухат, абы и саулыкъуКІэ Къуэбыдэ нобэ парад щекІуэкІынут.

МАХУЭР сыхьэт 11 хъуащ. Іуащхьэм къытеуващ Кавказым и тет дзэпщышхэр - урыс пащтыхьим и къуэш Михаил Николаевич. Абы къыбГэдэтт генералхэр, офицерхэр, Георгий орденыр зратахэр. Тхьэ елъэІуа нэужь, дзэпщыр Іуащхьэм къехри, адэ-мыдэКІэ щиувыкІа полкхэм, батальонхэм, шуудзэхэм фбыщІэ яхуищІащ «мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ Іуэху хьэлъэр зэрызэфІагъэКІам папщІэ». Дзэпщым жиІащ: «ГуфІэгъуэм сызэщИІэтэу, фи лІыгъэм и пщІэр слъытэу, Кавказ армэм и дзэлІ хахуэхэм сыныбохъуэхъу... Кавказ зауэм кІэ зэригъуэтамкІэ, зауэм хъыщыбгъэльэгъуа фи лІыгъэмкІэ, гугъуехьым фыпэлъэщурэ, фэ къулькъу ин дыдэ хуэвлэжьащ Пащтыхьымрэ Адэ лъахэмрэ: къурш быдапІэхэми, бгырыс хъыжьхэхми, уаеми, хуабэвэхми фыкъызэтрагъэувыІэфакъым фэ, псори фшэчащ, псори къызэвнэкІащ, лъы вгъажэ зэпытурэ икІи фи мурадым фыльэІэсащ. ФбыщІэ хузощІ ди Іуэхур къыдзэзыгъэхъуІа ди Тхьэшхэум! Адэ хэкум пщІэрэ щІыхьрэ къыфхуещІ фэ, Кавказыр къэзыззуа лІыхъужьхэм! Мы нобэрэй гуфІэгъуэмрэ мы дакъикъэ тельыджьмрэ ямылъэгъуауэ зауэм хэкІуэда фи ныбжьэгъухэм я фэеплъэр мыкІуэдыжьынц!»

Къуэбыдэ щиувыкІа дзэр щыгъуазэ ящІащ император Александр ЕтІуанэм къиГэхьа хъуэхъуми: «Си гум къыбГэдэкІыу фбыщІэ яхузощІ текІуэныгъэ иныр къытхуэзыхьа дзэпщхэм, офицерхэм, зауэлІхэм. Абыхэм зэрахьа лІыгъэм срогушхуэ сэ».

Кавказ зауэм «лІыгъэ щызэзыхьахэм» я пщІэр текІуэдакъым урыс пащтыхьым. Дзэпщым, Михаил Николаевич, къратащ Георгий орденым и 2-нэ классыр, налкъутналмэскІэ гъэщІэрэщІа сэшхуэ, «Кавказ зауэр зэриухам и щІыхьКІэ» псалъэр тетхауэ. Пащтыхьым «и къуэш хахуэм» къехъуэхъуащ «Ильэсищэрэ щэ ныкъуэрэ и пэкІэ бгырыс Іэпхэм зэхаубла лъыгГэжьэ зауэм кІэ зэрыритам щхьэкІэ». Нобэ щыщІэрдзауэ, - къехъуэхъуащ пащтыхьыр и къуэшым, - Кавказым зы лъэпкъ жьІэмыдаІуэ къиНэжакъым.

Кавказ зауэм хэта псоми пащтыхь унафэкІэ къратащ абыхэм хуащІа жорхэмрэ медалхэмрэ - бгырыс хэм я лъахэм щагъэжа лъымрэ щызэрахьа «лІыгъэмрэ» я уасэу.

Георгий орденым и 2-нэ классыр къратащ граф Евдокимовым. Абыи къехъуэхъуащ пащтыхьыр: «Ильэсищэрэ щэ ныкъуэкІэ дызыхэта зауэ гуащІэм кІэ езытар уэращ, уэ пхузэфІэкІащ щІыналъэ дахэр бгырыс Іэлхэм къаІэщІэнхьи».

Дамыгъэ лъапІэхэмрэ фэеплъ бэракъэмрэ ираташ адыгэ лъахэм ІыкІа щызыгъэжа полк, батальон, шуудзэ псоми.

ЭСАДЗЕ Семён
зэритхамкІэ.

Щэхур нахуэ къохъу

1836 ГЪЭМ жэпуэгъуэ мазэм Лондон щежьэри, Щэрджэсым кІуащ «Виксен» къхъухьыр, шыгъу ишэри.

КХЪУХЬЫР зейр зиусхьэн Бёлл Джорджщ. Ар щэкІуэгъуэ мазэм и 25-м урысхэм Суджыкъу къалэ щабыдащ, щэрджэсхэм шыгъу къахуишэну хуимытаУэ жаІэри. Бёлл и къхъухьыр ятхьэкъуащ, абы и капитанымрэ экипажымрэ Севастополь яшащ, зыкъомрэ щаІыгГа нэужь, къаутІыпщыжащ.

Лорд Пальмерстон сабэ дрипхъэй зищІащ Британием и кхъухь Урысейм зэриубыдам щхьэкІэ: «Ар дигу текІуэ хьэмуукъым, Британиер хуитщ дэнэ сату щищІынуми, абы и щІыхьыр зэрытхъумэн къару диІэщ дэ!» - ар жиІэри, парламентым и пащхьэм иуващ лорд Пальмерстон. Британием и щІыхьым тегузэвыхь лордым зыщигъэгъупщащ Щэрджэсым лей къызэрыпІысар: ар зыми Іэщ1эмылъ хэкущ - аращ лорд Пальмерстон игу къэмыкІыжар.

Урысхэм жаІэр нэгъуэщІу: Щэрджэсыр ди империем щыщщ, дэ хуит дымыщІауэ адыгэ хы Іуфэм зы кхъухьи къекІуалІэ хъунукъым. АбыкІэ хъыбар къырагъащІа лорд Пальмерстон? Ар ибзыщІащ хамэ къэрал ІэхэхэмкІэ министрым. «Виксен» кхъухьым и Іэхум къитэджыкІа псалъэмакъыр щІэх щызэпыуакъым Британием и парламентым, щІэх къахуэумысакъым лорд Пальмерстон. ИкІэм-икІэжьым, 1838 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм и 21-м щэхур нахуэ хъуащ.

Лорд Пальмерстон 1836 гъэм Урысейм еныкъуэкъун мурад ищІатэми, ар абы хуэзфІэкІынутэкъым: министр къулыкъур къызэрыІэрыхьэхэу, 1831 гъэм, ар арэзы хуауэ щытащ Урысейм Кавказыр зыІэщІилъхьэн мурад зэрищІам, ар (лорд Пальмерстон) Урысеймрэ Тыркумрэ Адрианополь щызэращІылІа зэгурыІуэныгъэм зэреувэлІаратэ абы къикІыр. Щэрджэс хы Іуфэр Урысейм хуит щыхуэпщІакІэ, адыгэхэм я нэщІыбГагъкІэ Урысеймрэ Тыркумрэ Адрианополь щызэращІылІа зэгурыІуэныгъэмкІэ (1827 гъэм) акъылэгъу ухъуауэ аращ - нэгъуэщІ къикІыркъым абы. Ёзы адыгэхэм я пщІыхьэпІи къыхэхуакъым, дауи, лорд Пальмерстон апхуэдэ хьэгъэщагъэ къакІэлъыІэзэрихьауэ Британием хамэ къэрал ІэхэхэмкІэ и министрым зыщиумысыжар 1838 гъэрщ - парламентым щыхагъэзыхьа нэужь.

1827 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 6-м Урысеймрэ Тыркумрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, Урысейм къалэн зыщищІыжауэ щытащ и къэрал гъунапкъэм зримыгъэхъуэдиину. А псалъэр игъэпэжакъым Урысейм, абы къыхэкІкІэ Британиер акъылэгъу хъун хуеякъым Адрианополь зэгурыІуэныгъэмкІэ. Тыркур хуитакъым езым Іэщ1эмылъа Шэрджэсыр Урысейм иритыну. Урысейри хуитакъым ар Тыркум «къыІэщІихыну». Тырку пащэр Анапэ щыдзса зэманми Шэрджэсыр Портэм Іэщ1эльакъым, Урысейм и Іэмыщ1э зрилъхьэн мурад иакъым, абы и нэщ1ыбгагъкІэ щызэрахьэ хьэгъэщагъэр сэтей къэхуащ, «Виксен» кхъухьыр кьайГэ хэхуа нэужь.

МАРКС Карл.

Адыгэ тхыдэм и нэхъ Іуэхугъуэ зэІумыбзхэм ящыщщ XVIII - XIX лІэщІыгъуэхэм абыхэм я бжыгъэр зэрыхъуу щытар. Адыгэхэм я бжыгъэр нэхъ белджылы хъууэ щыщІидзар XVIII лІэщІыгъуэм и кІэхэращ.

Тхыдэр щыхьэт тохъуэ

● Бжыгъэхэм къаІуатэ

АБЫ И ЩХЬЭУСЫГЪУЭР гурыІуэГъэщ: Кавказ зауэр зэхаубла нэужь, урыс дзэпщхэми хамэ къэралхэм къикІ лІыкІуэхэми ялъытэ хъащ адыгэхэм (къэбэрдейхэм, бесльэнейхэм, шапсыгъхэм, абазэхэхэм, натхъуэджхэм, бжьэдыгъухэм, кІэмыргуейхэм, жанэхэм, н.) я цІыху бжыгГэр. А Іуэхур япэ зыублахэм ящыщщ урыс щІэныгъэлІхэр, тІасхъэщІэхэр, дипломатхэр. Абыхэм я нэхъыбэм а зэманым къызэрагъэлъэгъуамкІэ, адыгэхэм я бжыгъэр ми 300-м къыщыщІэдзауэ мин 500-м нэсу арт. Апхуэдэ бжыгъэ хъагъэлъэгъуэ (XVIII лІэщІыгъуэм и япэ Іыхьэм тещІыхьауэ) урыс генерал Бларамберг (мин 500), барон Сталь (мин 307-рэ), урыс тІасхъэщІэх Торнау (мин 495-рэ). Адыгэ тхахІуэ, щІэныгъэлІ Хьан-Джэрий зэрильытамкІэ, 1836 гъэм адыгэхэр мин 265-рэт зэрыхьур. А бжыгГэм нэхъ зымащІкІэ нэхъыбэщ Берже Адольф 1858 гъэм къитІэлъэгъуар - мин 290-рэ.

ГъэщІэгъуэнракъэ, а бжыгъэхэмкІэ акъылэгъу мэхъу совет зэманым а Іуэхум тетхьыха щІэныгъэлІ зыбжани. Псалъэм папщІэ, Гарданов Константин хьыззрильытэмкІэ, XVIII - XIX лІэщІыгъуэхэм адыгэхэм я бжыгъэр мин 500-м щигГуу щытакъым.

Адыгэхэм я хабзэхэмрэ я псэуКІэмрэ куууэ щыгъуазэ зыхуэзыщІэхэм ящыщщ лыхь революционер цІэрыІуэ Лапинский Теофил (1826 - 1886 гъ.). 1857 гъэм Щэрджэсым къакІуэри, ар илъэсищкІэ яхэтащ адыгэхэм (шапсыгхэм, натхъуэджхэм, абазэхэхэм, н.). ЗэрыгурыІуэгъэщи, Лапинскэр щІэмыупщІэнкІэ Іэмал иІакъым адыгэхэм я бжыгъэм. 1863 гъэм Гамбург къыщыдигъэкІа тхьылъым («Кавказ бгырысхэмрэ абыхэм я хуитныгъэм папщІэ урысхэм драгъэкІуэкІа бэнэныгъэмрэ») зэрыщитхымкІэ, КІахэ адыгэхэм (къэбэрдейхэмрэ бесльэнейхэмрэ хэмыту) я бжыгъэр Лапинскэм мин 900-м щІигГуу кьелытэ. АбыкІэ щхьэусыгъуэ и мащІэкъым Лапинскэм.

«Зауэм хэт щэрджэс лъэпкъхэм я бжыгГэр гъэбелджылауэ зыми ищІэркъым, - етх Лапинскэм. - Сэ кьыззэрысЫытэмкІэ, ахэр мин 900-м щІегГу. Урыс тхылъ гуэрым сыщрихьэлІащ нэгъуэщІ бжыгГэ - мин 290-рэ. Урыс тхылъхэм кърахьжауэ, европей автор куэдми къагъэлъагГуэ апхуэдэ бжыгГэ... Щэрджэсхэм къезауэ урысыдзэм мин 200-м щІегГу, я хьдзэлІхэм нэмыщІ. Иджырей Іэщ1кІэ зэщІауэздзауэ сэлэт мин 200 щэрджэсхэм къариутІыпщынтэкъым урыс пащтыхьым, абыхэм я хэкум цІыху мин 290-рэ фІэкІа имысатэмэ».

Лапинскэр, зэрыжьІащи, Щэрджэсым къыщыкІуар 1857 гъэрщ - Кавказ зауэр и кІэм нэблагъэуэщ. Абы и пэкІэ, 1829 гъэм, адыгэхэм я деж тІасхъэщІэх къэкІуауэ щытащ урысыдзэм и генштабым и лэжьакІуэ Новицкий Г. Б. Абы а гъэм къыззрильытамкІэ, адыгэхэр (кІахэ адыгэхэр, нэгъуэщІу жьІэмэ, Псыжь адрыщІ иц адыгэхэр) мин 263-рэ хъууэ арат. КъыкІэльыкІуэ гъэми къыгурыгъэзащІ Новицкэм тІасхъэщІэх Іуэхум. А гъэм абы дэІэпыкъуащ шапсыгъ лІакъуэлІэшхэу Абатхэ Бесльэнейрэ Убыхрэ. Хьан-Джэрий зэриткІыгъамкІэ, Абат Бесльэней щІэныгъэшхэу зиІа цІыхуэщ. Абатхэ зэшитІым къыжраІамрэ езым ильэгуамрэ тришЫхьрэ, Новицкэм а гъэм щэрджэсхэр (кІахэ адыгэхэр) мелуанрэ мин 82-рэ хъууэ къыльытауэ щытащ (унагъуэ 54110-рэ). Новицкэм зэритхамкІэ, адыгэ унагъуэм цІыху 20 нэхърэ нэхъ мащІэ исакъым (абы щхьхьэт тохъуэ а Іуэхум иужькІэ тетхьыха щІэныгъэлІхэм я нэхъыбэр - адыгэ унагъуэм цІыху 20 нэхърэ нэхъ мащІэ зэрымысам). Ар (адыгэ унагъуэм цІыху 20 е нэхъыбэ зэрисар) я фІэщ хъуркъым зи гугъу тщІы Іуэхур (адыгэхэм я бжыгГэр) ди зэманым зыджа щІэныгъэлІхэм. Абыхэм яІыщІ куэдым зэрятхымкІэ, XVIII - XIX лІэщІыгъуэхэм адыгэ унагъуэхэм исар, ику иту къапщтэмэ, цІыхуи 8-м фІэкІыркъым (уеблэмэ, нэхъ мащІэщ). Іуэхум нэхъ хэзыщІыкІ щІэныгъэлІхэр щыхьэт тохъуэ адыгэ унагъуэм XVIII - XIX лІэщІыгъуэхэм цІыху тІощІи, нэхъыби зэрисам. А зэманым адыгэ унагъуэм щІэблэ зыбжанэ зэрисар зыщыбГэгъэпщащ хъунукъым: я тхьэмадэр псэуху, унагъуэхэр зы пщІантІэ дэсу щытащ, цІыху дапщэ хъуми. Адыгэхэм ятеухуауэ унагъуэкІэ уэзджэн хуейр тхьэмадэ зыщхьэщыт пщІантІэрщ, абы дэс хабзэт унагъуэ зыбжанэ - аращ ди тхыдэр щыхьэт зытехъуэр. Новицкэм кІахэ адыгэхэр пщІантІэ (унагъуэхым!) мин 54-рэ мэхъу щыжиІэм, ар щыуакъым, щыуаущ иужькІэ ягъэкъуэншами. Новицкэм зи гугъу ищІ пщІантІэ (езым зэриткъымкІэ, «двор») къэс цІыху 20 зэрыдэсарщ абы кІахэ адыгэхэм я бжыгъэр мелуаным щІигГу щытауэ щыжиІэр.

КЪЭБЭРДЕЙ адыгэхэм я бжыгъэм и Іуэхукіэ ардыдэр жьІпІэ хъунущ: куэдым яфІэфІакъым ахэр зэгуэр (псалъэм папщІэ, XVI - XVIII лІэщІыгъуэхэм) куэд хъууэ щытауэ ятхыни жаІэни. Псалъэм папщІэ, Берже 1858 гъэм зэритхамкІэ, къэбэрдейхэр мин 36-м зэрыщІигГу щыІакъым. Абы акъылэгГу дэкъуэщІэнэгъэІ щыІащ совет лъэхъэнэми. Абы и щхьэусыгъуэр гурыІуэгъуэкъым - сыткІэ хъэх захуагъэт къэбэрдей адыгэхэм (кІахэхэми) я бжыгъэр зэрыпхуэзэфІэкІкІэ бгъэмэщІауэ птхыныр - аращ мыгурыІуэгъуэр. Зы щапхъэ закъуэ къэтхьынщ. Урысыдзэм и генштабым и офицер Бларамберг Иоганн 1834 гъэм итхыгъащ (епІэ абы и «Историческое, топографическое и военное описание Кавказа» тхылъым) къэбэрдейхэр унагъуэ мин 45-рэ хъууэ - ар 1804 гъэм. Къэбэрдейр лъыгГажьэ зауэмрэ емынэ зэ бзаджэмрэ зэрыщыІкІ ящІа нэужь, Бларамберг зэритхымкІэ, абы къинэжар цІыху мин 30 хуэдизщ. Бларамберг щыуэркъым: тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, XVIII лІэщІыгъуэм Къэбэрдейм иса цІыху бжыгъэм щыщу зауэмрэ емынэ узымрэ XIX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм кьелар Іыхьэ пщІанэрщ, нэгъуэщІу жьІпІэмэ, XVIII лІэщІыгъуэм (XIX лІэщІыгъуэр кьихьэху) къэбэрдейхэм я бжыгГэр мин 500 нэхърэ нэхъ мащІэ хъууэ щытакъым - абы щыхьэт тохъуэ тхыдэр. 1793 гъэм Къэбэрдейм къэкІуауэ щыта академик Паллас Петер-Симон зэритхамкІэ, зауэ къащІэхъуэмэ, къэбэрдейхэм шу мин 20 яГэшэсыфу щытахэр, а Іуэхуэгъэкъым. Къэбэрдейм и тхыдэм щыгГуаззэм фІыуэ ещІэ шууэ зауэм Іухьэм я нэхъыбапІэр уэрэхъэм къахэкІауэ зэрыщытар: къэбэрдейхэр мелуан ныкъуэ нэхърэ нэхъ мащІэ хъууэ щытатэмэ, уэркъ шу мин тІощІ ягъэшэсыфыкІэ Іэмал иІакъым - ар гурыІуэгъуэщ. Уэркъ шу къэс, зэрыхабзэти, зауэлІ зытхух щІагъурт, нэгъуэщІу жьІпІэмэ, академик Паллас щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, адыгэхэм зауэм Іуашэфырт, шуми лъэсми, цІыху минищэ. Ардзэдзэ зэщІамыгъэшэсэфтэмэ, къэбэрдейхэм 1708 гъэм кьрым хьаным и дзэ фІыцІэр (ми мин 80 хуэр) зэхакъутэфынтэкъым - а зауэм и хьыбар куэд кьыхэнащ урыс тхыдэми европей авторхэм я тхыгГэхэмми.

Адыгэ унагъуэм цІыху 20-м нэхърэ нэхъыбэ исауэ кьелытэ professor Дзэмыхъ Къасболэтри. Абы зэритхымкІэ, адыгэ унагъуэм, XVIII - XIX лІэщІыгъуэхэм ятепщІыхьмэ, цІыху 20-м кьыщыщІэдзауэ цІыхуи 100-м нэсу цІытащ - абы и щхьэусыгъуэр зы адыгэ пщІантІэм унагъуэ зыбжанэ зэрыдэсарщ (зы адыгэ пщІантІэм, зэрыжьытІащи, унагъуэ хъуауэ зэкъуэш зыбжанэ дэс хабзэу щытащ). Абы ипкъ иткІэ, профессор Дзэмыхъ Къасболэт ельытэ Къэбэрдейм XVIII лІэщІыгъуэм икуэм деж цІыху мин 450-м нэс исауэ. Тхыдэр щыхьэт тохъуэ, етх Дзэмыхъым, къэбэрдей адыгэхэм зы жэщ-махуэм и кІуэцІкІэ щу мин 30 яГэшэсыфу зэрыщытам. Ар Къэбэрдейм и закъуэ!

ЩІэныгъэлІ куэдыр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, кІахэ адыгэхэм (иджы адыгейкІэ дызэджэ хъуахэм) я бжыгъэр зы мелуанми къыщыззтенэу щытакъым - куэдым ятх а бжыгГэр зы мелуанрэ мин 700-м нэсу зэрыщытар. Псалъэм папщІэ, Дьячков-Тарасов Николай 1853 гъэм итхыгГащ: «Фельдмаршал Паскевич и унафэкІэ зэхуахьэса хъыбархэм ятепщІыхьмэ, бгырысхэм (адыгэхэм) я бжыгГэр зы мелуанрэ мин 700-м нэс, абыхэм зауэм Іуашэфынущ зауэлІ мин 250-рэ». Псыжь къззакъэхэм я тхыдэр зыджа Щербинэ Ф. А. уеблэмэ фІэмащІщ Новицкэм къигъэльэгъуэ бжыгГэр - 1082200-р. Абы нэхърэ нэхъыбащ щэрджэсхэр (кІахэ адыгэхэр), - итхыгГащ Щербинэ.

Адыгэхэм я бжыгГэр зы мелуаным куэдкІэ щІигГуу зэрыщытам щыхьэт тохъуэ Кавказ зауэм и ужькІэ хэкур зыбгынауэ щытащ бжыгГэри. Абхъаз щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Дзидзарие Георгий кьыззрильытэмкІэ, Тыркум Іэпхъуэуэ щытащ ежьыр мин 900-м нэс (Кавказ зауэм и ужькІэ хэкум кьинэжар цІыху мини 100-м щигГужьыртэкъым).

УНЭЖ Кашиф,
философие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.

«Хэхэсхэр» тыркубзэкІэ къыдагъэкІ

● Тхыгъыщ1э

Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Щэрджэс Республикэхэм я щІыхубз тхакІуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Мэшбащ1э Исхьэкъ и «Хэхэсхэр» романыр иджыблагъэ тыркубзэкІэ Анкара къыщыдэкІащ. Ар зэридзэкІащ икІи къыдэкІыгъуэм хуигъэхьэзыращ «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель Хъуажь Фазэри.

«ХЭХЭСХЭР» псалъэм и мэхьэнэр нэгъэсауэ къыззщІиубыдэу тыркубзэм псалъэ зэрыхэмытым къыхэкІкІэ, романым и цІэр зэридзэкІакъым. ТхыгГэр зытеухуар тырку щІэджыкІакІуэхэм къагурыІуэн папщІэ «Хэхэсхэр» фІэщыгъэм и лъабжьэм щІитхэжащ «Адыгэм и щхьэ кърикІуар Балкан тхыдэм къыззрыхэщьжыр» жиІэу.

«Адыгэ лъэпкъыр зыхэта гуэвэгъуэр романыр зыбжанэкІэ къыпхуэІэтэжьынукъым. «Хэхэсхэр» тхыгГэр абы и пэ къихуэу къыдэкІа «Хэкум ирахуахэр» («Srlenler») романым къыпищэ хуэдэу гъэпсащ. «Хэкум ирахуахэм» япэу укъеджэмэ, «Хэхэсхэр» нэхъ гурыІуэгъуафІэу щытынущ. Мы романыр Исхьэкъ и Іэдакъэщ1экІэм ящыщу тыркубзэкІэ къыдэкІа епІлІэнэрей тхылъщ. Абы и пэкІэ дунейм къытехьащ «Бзиикъуэ зауэ» (1994), «Бзиикъуэ зауэ-II» (1999), «Мывэ щхьэл» (2000), «Хэкум ирахуахэр» (2015) романхэр», - щетх пэублэ псалъэм Хьуажь Фахьри.

Апхуэдэу зэдзэкІакІуэм тхылъым иригъэуващ Мэшбащ1э Исхьэкъ и гъащ1э гъуэгуанэм теухуа тхыгГэ. Абы Хьуажьым къыщигъэльэгъуэжащ Исхьэкъ къыззрильытауэ, япэ дыдэу радиокІэ и усэ зэрызэхихауэ щытахэр, а Іуэхуэгъэкъм кърата гушхуэныгГэхэр зыхуэдэр.

Тхылъыр напэкІуэцІ 496-рэ мэхъу. Ар гъэщІэрэщІащ зытепсэлъыхь Іуэхугъуэхэр нэгум къыщІэзыгГэзыуэ сурэт дахэхэмкІэ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Щэрджэс меджлисым и псалъэ

Зыри къыддэІэпыкъуркъым

Урысейм зауэ къыззрыдищылІэ лъандэрэ зы къэрали къыддэІэпыкъуакъым кавказ лъэпкъхэм. Тырку сулътІаным дежи къудэ дгъэкІуащ лІыкІуэ, къыхъуэуэрыкІэ, къыддэзІэпыкъуакІэ - дыкъуагГэыу, ауэ абы къытхуищІа щыІэкъым. Персиеми дгъэкІуащ лІыкІуэ, Мэхмэт Алий зыхуэдгъэзэ щхьэкІэ дызэхащІыкІакъым.

ШЭРДЖЭСЫМ и лІыкІуэхэм я пщэ дэтлъхьауэ щытащ Урысейм къыдищІылІа зауэр къызэрытехьэлъэм и хъыбар къэрал лІыщхьэхэм я деж нагъэсын хуейуэ; дэ ди хабзэхэри ди динри нэгъуэщІщ, арыншамэ Урысейр апхуэдизрэ щхьэ къыддэзэуэн хуейт? Псоми яІэн хуейщ урыс инэралхэр зэрытхъэгъэпцІыр, я сэлэтхэр зэрыгуІэгъуэнтэр. Щэрджэсхэр дызэтрауКІэмэ, хэт и фейдэ хэлъ абы? Псори къыддэщІын хуейщ адыгэхэм!

Урыс сэлэт мин Іэджэ къыдаутІыпщащ дэ, Іэпхлъэпх дызэращІынщ зи ужь итыр, дыкъаухъуреихьауэ. Дэ даухмэ, фэ къыващІылІэнущ зауэ. Ди щхьэм и закъуэкъым дэ дызыхэзэауэр. Дэ дызыІэщІалъхьэмэ, Тыркуми нэсынурэ абыи къыщІэзэтеувІэнукъым - аращ иджыпсту фыкъыддэІэпыкъун щІыхуейр.

Ар нывжьедгъэІэн щхьэкІэщ ди лІыкІуэхэр ныщІыфхэзгъэкІуэр, ауэ ди лІыкІуэхэм я псалъэр зыми зэхищІыкІакъым, зыми къыльэгъуакъым ди хьэтыр. ДызэхащІыкІрэ ди бзэныгГэм къыхьыхьатэмэ, сыт хуэдизу зауэлІ хахуэм я пашэ хъунут сулътІаныр, сыт хуэдизым я гур къыхьэхунут абы!

Урысейм и закъуэкъым дунейм тетыр, къэрал Іэджэ тетщ дунейм. Урысейм нэхърэ нэхъ къэрал ини нэхъ лъэщи зэрыщыІэм дыщыгъуэзэщ адыгэхэр. Дыщыгъуаззщ Инджылызри Франджыри гуэзвэгъуэ хадзэ лъэпкъэхэм къаззрыщхьэщыжьым. ИтІани тылъэзэсырхьыж абыхэм я гущІэгъуэм я дэІэпыкъуныгГэм. Щэрджэсхэр дыкъуаншэмэ, кьыддремыІэпыкъу инджылызэри франджызэри. Ди хэкур Урысейм щыщ хъуауэ къыщыгъэльэгъуащ европей картэхэм - абыи дыщыгъуаззщ дэ. Дыщыгъуаззщ ди щІыбагъкІэ хьэгъэщагъэхэр зэрыщыззрахьэм: дэ къыдамыгъэщІэхъэу, Урысеймрэ Тыркумрэ ди унафэр ящІ, зэгурыІуэри, зым Іэщ1эмылъыр адрейм ирет, дэ къыдэупщІыни я щхьэ тралъхьэркъым. Урысхэм Европэм щыжаІэ дэ абыхэм драгъэр хуэдэу, дыкъэкІэкъуэкІэ защІэу, гущІэгъуэм тхуэмыфащэу, унафэ е хабзэ гуэрми дыпхуемыувэлІэну. ПІэпхъыщхъэ дыдэщ инджылызэр, дызэхащІыкІынкІэ дащІогъуГэ, ауэ дэ дыкъэкІэкъуэкІэмэ, зыми емыдаІуэ дыкъэунщІакІуэмэ, ди хьэтыр кьрыремылъагъу, нэкІи кьыдремыплъ.

Сулътаным псалъэ еттауэ щытащ дэ, ауэ ар ди лъэныкъуэ хъунукъым, Урысейм ди щІыбагъкІэ гурыІуащи. Сулътаным ещІэ Урысейр кьызэрыдзэауэр, итІани абы иопсалъэ, щхьэу гуроІуэ: уи Іэмыщ1э имылъым и унафэр дауэ зэрыпщІынур? Дэ дыгъэркъым, дыпщэ, дыпт хъунущ. Пэжщ, дызэкІэщІэчащ, дыщызэгурымыІуэр нэхъыбэщ, зы унафэм деувІэркъым - аращ ди мыгъуагъэ псори къызыхэкІыр. Ауэ дэ дыщхьэхуитщ, ди щхьэхуитынигъэращ дызыщІэзэур, ар хамэм и Іэмыщ1э итлъхьэн муради диІэкъым.

Шэрджэс меджлисым къэрал лІыщхьэхэм зэрызыхуагъэза Псалъэм щыщщ.

Арэзы хъуну?

Алий-пащэ хъыбар къызэрызигъэщІамкІэ, кавказ бгырысхэм Тыркум Іэпхъуэн мурад ящІмэ, тырку правительствэр къапэрыуэнукъым. ЗэрыгурыІуэгъэщи, жиІащ Алий-пащэ, тыркуэр абыкІэ арэзы хъун папщІэ, мы ІуэхугъуитІыр зэІубэ щІын хуейщ.

ЯПЭРАУЭ. Мухьэжырхэм гурагъэІуэн хуейщ ахэр Истамбылрэ Трапезундрэ я закъуэ къыщыщІэзтеувыІэ зэрымыхъунур. Тырку правительствэм къахуигъэльагъуэ щІыпІэхэмкІэ арэзы хъун хуейщ мухьэжырхэр, ахэр зы щІыпІэ деж щызэтримыхьэн щхьэкІэ.

ЕтІуанэрауэ. Мы Іуэхум ирагъэпІэщІэкІ хъунукъым Портэр, пІалъэ къыхэгъэкІауэ, псалъэм папщІэ, етІанэгГэ накъыгГэ пщІондэ, тыркуэм Іэмал етын хуейщ мухьэжырхэм псэупІэ нэхъ яхуэзэкъун щІыпІэхэр яубэхуну; арыншамэ, апхуэдизу щІыхь щІэпхъэжкІэ узыхуэмей гугъуехь ухэхуэнкІэ мэхъу, жиІащ Алий-пащэ.

Лей си гугъэкъым, мыри щІысгъужмэ. Алий-пащэ къыззэупщІащ мухьэжырхэм я бжыгГэр зыхуэдизынумкІэ. Жэуап тэмэм естакъым пащэм, ести хъунутэкъым, ауэ занщІэу сымыгъэщтэн щхьэкІэ, жесІащ мухьэжырхэр мин 50 хуэдизу зэрыхъунур; а бжыгГэри зригъэщІэгъэкІащ абы, фІэкъуэдыІуэ хъури.

Истамбул дэс урыс лІыкІуэ
НОВИКОВ Д. С. *Кавказ армэм и штаб нэхъыщхьэм и Іэтащхьэм дже 1863 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м къитха письмом щыщщ.*

Къэзакъэмрэ адыгэхэмрэ я зауэ гуащІэ. *1862 гъэ*

Къалэмбий (КІашэ Адэлджерий)

АБРЕДЖХЭР

Адыгэ хъыбар

(КІэухыр. ПэщІэдзэр №№76, 80-81, 87, 89-хэм итщ).

Лагерыр зэщІэхъеящ. Шэтырхэр гум иралъхьэ, сэлэтхэм фочыр ялъэщІ, къумалхэм шыр ягъэпскІ, шы лъэбжьанэр паупщІ. Си гур хэхъуэрт а псом сащыхплъэкІэ: абы ящыІ дэтхэнэри си лъыщІэжаКІуэу кЫысщохъу, си хьэтыркІэ гъуэгу теуцуэ согугъэ. Си вагъуэрщ абыхэм ГъуаазэяхуэхъунУр, си мурадыращ зыхуэпІащІэр...

Начальникым деж сраджащ: Іэнэ хьурейм бГъэдэст, афицар зытхухи щыІгъуу; Іэнэм шхын телъщ, фадэ тетщ. Тутын Іугъуэгр дрыригъэхуейуэ, начальникыр жьантІэм дэсщ. «Яхъшы, кЫунакъ, яхъшы», - жиІащ, бжэщхэЫм сышебакъуэм.

- Яхъшы, - жысІащ сэри.

- Кушал твой йокъу? - кІэзэупщІащ ар, стэкан нэщІ и жьэм хуихьри.

- Йокъу, - жысІащ.

Стэканым изу аркъэ иregъахъуэ, и щхьэр кЫысхуеІ:

- Алла верды!

- Яхъшы йол...

Аргуэру иregъахъуэри сэ псалъэ уедэІуащ, абыкІэ фЫщІэ пхузощІ. УщІемыгГъуэж, си ужь фыниувэмэ, фызгъэщхьэрызэпхыным. Сыт хуэдэ гъуэгуКІэ фысшэми, фыздесшэжьам фынэшэсынщ, шынагъуи кЫыдгъэлІэсынкЫым. Іэхур кЫыдэмыхъулІэмэ, си щхьэр уи Іэмыщ1э илъщ. Уэрхъым и псалъэр уи фІэщ мы-хЫурэ, КЫурІэным сытеІэбэурэ тхъэ пхуэсІэунщ. АфІэкІа Іэри бжеСІэнуКЫым. МахуищкІэ дынэсынущ. Гъуэгум уи зы сэлэт щылъэпэрапэмэ, сыиухьэзЫрщ.

- Яхъшы, джигит! - кЫущылъэтащ начальникри офицерхэри.

Гъуэгум ди нэгу щыщІэкІа псом я гугъу пхуэсщІыфынкЫм, арыншэми уи щхьэр судэгуащ. Гъуэгу гугъусыгъут. Мужьмалхэм щІачэрэтхъым, шэч кЫыскурагъащІым щхьэкІэ. Сэлэтхэри тэмакъкІэщІ хъуат. Си Іуэхур хэпльэгъуэт. ТхЫм сызэхищІыкІащ. Ещанэ жэщым ХьэнцІэйм дыбГъэдыхьащ, ІэуэльІауэ зедмыгъэщІу кЫуажэр кЫдэхУрейкьащ... КЫуфбжэр зэІутГъэжащ, бэрэбанэр лъапІэри, сэлэтхэм я нэхъыбэр кЫуажэм зэрыдзгуащ. ХЬэнцІейр кЫызэщІуащ, кЫхъуар ямыщІэу. Уэрам щхьэІуХэм кЫущІтпэуащ. Сэлэтхэр мыжуРэкІэ щепыджЫм, икІуэтыжхэри щхьэж и пщІантІэ кЫущІызэуэу кЫуващ. Дэтхэнэ унэри быдапІэ пэльытэт; мафІэ ирадзащ, Іэщэкіэ щахуимыгъэкІуэтЫм. МафІэм щІэх зиІэтащ; зэчырымрэ сэлэтхэм я кІий макъымрэ зэхэзэрыхьыжащ. ЛІэнкъэнэну зэпэщІэтщ лъэныкъуитІри, Іэщэ пщІанэкІэ зэпэуващ - фочыр бУзэдыхУ кЫожьэрэ? ХЬэнцІейм, си лъэбакъуэкІэ икІуэтыхУ, зы хьэдэ ягъэтІылъ...

Зы уэрамым сыкъыдэжмэ, адрейм сыдолъадэ. ЛЫы защІэ ныбжьхэр си пащхьэ кЫоджэразэ; бжьыхьэр иращыкІ, унащхьэкІэр мэпІэнкІ...

Нэхущым нэблагъащ. МафІэр, ищІэнэр ищІауэ, мэужьыхьыж. Зауэм и гуащІапІэм сыхэхутащ. Сэрей кЫуагъым кЫыкЫуэтЫсхьауэ, лЫы зыбжанэм сэлэтхэр зэтрагЫгъэ. ЫЫм сыкъелъэри, сэшхуэр хЫиспхЫуэтауэ сэрейм сыщхьэдэлъыхащ. Ягу кЫыззрыгъуэтЫжри, зэрыгГъэкІийуэ сэлэтхэр си ужь ниуващ... Аслъэн хуэдэу кЫзэауэрт хьэнцІейкэр. КІий макъым адрей сэлэтхэри кЫыкІэлЫсащ. ЩІэх зыкъатакъым сэрейм кЫуэсахэм.

ЛЫы щыщхьэрыгъым щыщ кЫелалакъым, кЫелар жЫыкІэфэкІэрэ кЫрабГъэ зырызрэщ. Ўэрамхэр, пщІантІэхэр нэщІ хЫуащ. Зэкэпхыр сабий гЫы макъщ. МафІэсым кЫелар сэлэтхэм зэщІакЫуэ. КхЫуей кІадэ е фо ирихьэлІамэ, бжьым хуэдэу йопщІ...

Сигу ихункЫым мыр. БжьахЫуэ лЫжь гъэрым и бжьаІуэм сэлэтхэр иЗэрыгуащ. БжьЭ матэжр кЫэпхуатэ, зэрадзейри зэщхьэщащ. БжьэР, матэм кЫоури, зэщІвууэу, сэлэтхэм йопщІ. Псалъи жьзымЫуэ сыздыкэплъэм, кЫзызыхэкІари сымыщІэу, си гум зедз, си гур кЫыхэузыкІащ, унапІэнщэ хЫуа бжьэр щыслъагъум. Абы гузэвэгъуэу ятелъар!.. Ноби си нэгу щІэтщ. Зи жьакІэр уэсым хуэдэ лЫжь гъэр кЫузбГъэдыкЫуэу кЫысофІощІ. -Еплъыж уэ зэхэзгЫыхьам, - кЫызжиІэ хуэдэщ абы. - ИгъащІэ ІыландэрФ сызэлІэлІар уэ зы сыхьэтым зэтепкъутэжащ. Хамэр си гущІыІу кЫибутЫпщхьащи, си бынер зыщІыгугъыр ибогъэутэ. Мес зи ІыхьэР зкЫзыжьэдэптхъа сабийжэр. Сабийжэм я нэпсым уигъэкІуэнкЫым...»

Сыкъэсклэри, шым сыхэуащ, си щхьэр щІэсхьэн мурадкІэ. Асыхьэтым си щІыбагъкІэ лъэмакъ щыІэзхьэх. Фочыр кЫстригъэпсауэ, лЫшхуэ гуэр си щыбагъ дэтщ, лЫы защІэщ, джанэ пщІанащ. «Ўэраи ди хьэщІэхэр кЫытхуэзышащ, - жиІащ абы макъ дэгукІэ. - Ди ужь уимыкІыну тхьэпІанэ пщІамэ, бГъэпэжащ. ИджЫ утесабырэнщІ!..» Си нэм уафэхъуэпскІыр кЫыщІэлыдащ, си кІуэцІыр пхисыкІащ, щыхупІэ лъагэ гуэрым сехуэх хуэдэу кЫысфІэщІащ. АдэкІэ зыри сщІэжыркъым.

- Уи еблагъэ куэд ухъу, - жызоІэ, - бысым щызиІэщ мы къуажэм, ауэ кЫызэрыІэпхъуэрэ сыкъыкІэлъыкІуакЫыми, и унэр сцІыхуркъым.

- Хэт хЫуну узыщІэупщІэр?

- ДжэмгЫурчийщ, пцІыхумэ.

- Дауэ сымыцІыхунрэ! Си гЫунэгъущ. Моращ и унэр, - жиІэри и Іэр ишиящ.

- Унэм ису пІэрэ?

- Исщ. Ныщхьэбэ си деж щІэсащ...

Бэрэкъей и унэри сигъэлъэгъуащ лЫы плІабгъуэм. ФЫщІэ хуэсщІри сыкъыдэкІыжащ. ДжэмгЫурчий и унэм сунэтІ хуэзэу сщІыри, лЫы плІабгъуэр щІэзгъэхьэжащ, бжэр кЫыззрырирдзылІэжу, кІэбГъу зысщІри, мэзым щІэс си гЫусэхэм сахьыхьэжащ. Ахэр хьэзырпст.

СыхьэтитІ нэхъыбэрэ дыпэтакъым. ДжэмгЫурчий и зэщым шищ щІэтт. Зы шыр кЫыщІэдэнэри, тІур кЫыщІэтащ. Бэрэкъей и шэщмк кЫыщІэднащ зыш. ИтІанэ, ІэуэльІауэ зедгъэщІу, ДжэмгЫурчий и бжэм бГъэдэсхуащ. «ДжэмгЫурчий! - седжащ. - Ужейуэ уи щэщыр якъутэри уи шыр щІашащ. ПащІэ пттемэ, пІэ хуабэм кЫыхэкІ. Хфызмэ, щхьэгубжэм укъыдэпльынщІ..» Ардыдэр Бэрэкъеи жетІащ. ИтІанэ гу гЫуэгум дытеувэжащ, лъэбакъуэкІэ. Жэщыр бзыгъэт, атІэми пхъэрыр щхьэрыхэнкІэ сышнэри, си гЫусэхэм ящыщитІ шыр ирезгъэшэжьащ, сэ, адрейхэр сщІыгъуу, гЫуэгум дзэдзыхри пабжьэм сыхэуващ. Зы шу кЫыткІэлъэжьауэ гу лЫыстащ. ШУр Іуащхьэм дэжеящ, зыкъыплъыхьщзынилпІыхьри кЫежэхьыжащ. Абы етІуанэри кЫыкІэлъысащ. ТІури дблэлъэтащ, я щыкІэ мафІэ егъэуацэ. КІэщІу я ужь диуващ. Гу кЫытпъатэри, зыкърагъэзкІащ. ФОчым епхъуэн хьэзырт. ПсабакъуипщІ хуэдизкІэ дабГъэдыхьа нэужь, зыр кЫэкІиящ: «ФУвыІэ! ЛЫзбакъуэ кЫэмыч афІэкІа!» ЛЫэныкЫуищкІэ кЫздувыхьащ. «ФЫхэт, дэнэ фыкЫикІа?» - жиІащ етІуанэм, и макъыр кЫыхудэмышІеЫуэ. Ар ДжэмгЫурчийт. Си кЫарум кЫыззрирхькІэ шым щІопщ ездзащ. КЫапЛъэным хуэдэт си шыр, ПсыжЬ щыбГъуэтынтэжЫм хуэдэ! СыжьЭхэлъэрыр, ДжэмгЫурчий и шыр изудащ, езыр кЫыщІлъэтыжащ, сэшхуэр кЫисхЫн ипи зы шэ кЫызидзащ. ШЭр си блэгъщІэм щІэкІащ, хьэзырым щыщ хиудри. МафІэм щыщта си шым зыкъритІащ. Ар кЫитГъэсэбэгри, ДжэмгЫурчий кІэрахъуэр кЫыстриубыдащ. Уанэгум сыкъриудащ, си насыпти, сыджжлакЫым. Си гЫусэхэм фочыр ДжэмгЫурчий трауБыдауэ сольагъу. Іэщыщыщым, теКІуэтыжжхэщ. «ИджЫ си чэзущІ» - жесІащ. ДжэмгЫурчий, лъэбакъуэкІэ сыбГъэдыхьэри пщэмрэ плІэмрэ щызэхьхьэм хуэзэу сэшхуэкІэ сеуащ. ДжэмгЫурчий ещІащ. Сэшхуэм епхъуа щхьэкІэ, и блэр гуэхужри, зэщІэтысыкІащ. «СщІат ар...» - кЫыжьэдэкІащ абы зы псалъэ. КІэрахъуэр и натІэм изубыдащ. БыхЬ жиІакЫм, и напІэр Іэтауэ ажалым ЛупІъащ... СыкЫызэпльэкІри, БэрэкъеЙ бзэгущ1ы и хьэдэри сПъэгъуащ. ДжэмгЫурчий хахуэм бГъурыгъуэпльхьэну хуэфащэтэкЫым а кЫэрабГъэм...

АБЫКІЭ иухащ ХьэнцІейм етщІыпІа зауэр. Ялъ сщІэжьфа ХЬэрычэтрэ Исмелрэ, ди напэм кЫрауплъа фІейр стхъэщІыжьыфа - егупсыс уэ. Иджы зы бии кЫыскуэмынэжа хуэдэщ... Си адэм КЪэбэрдейр езыгъэбгынаэр сщыгъупщэрти. Си уэрэ икІакЫм иджыри кЪэс. Зэи-тІуи сарихьэлІэ-гъащ. Зыщхьэрыпсэ, хЫунщ. СэрэкЫым ящ ИтЫн хуейр, езыхэм сыкъралъэхъуэ. Щэч зыхэмылъыжьыр зыщ - сарихьэлІэмэ, гЪуэгум дэздзыкнЫкЫм. Зи насып текІуэнур ТхЪэращ зыщІэр. Ауэ, хЪыбарыр щыЗухьм, щэхуу бжесІэнщи, зыбжанэ щІауэ си гум кЫызжиІэ зэпытщ си пІэ ситІысхьэжьнкІэ и чэзу зэрыхъуар...

ЗэзыдзэкІар

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.



Сурэтыр **Уильям Аллан** *ищІащ. 1843 гъэ*



КЪБР

Шэрджэсым и унафэщІэр Убын псым деж щызэхос. *1861 гъэ*

● Лъэпкъ уцІе

ЦІыхур фымыгъэжакъуэ

Къэбэрдей Лъэпкъ Хасэм и пащхьэм ХьэтІохъущокъуэ Исмел Псыгъуэ 1805, 1806 гъэхэм щыжиІар

ХьэтІохъущокъуэ Исмел адырэ лъэпкъ щІэрыІуэм кЫыхэкІащ, 1787 - 1791 гъэхэм екІуэкІа урыс-тырку зауэм хэтащ, иужькІэ епщыкІуиянэ лІэщІыгъуэм и кІэухым щыщІэдзауэ, дунейм ехыжьыху, КЪэбэрдейм кЫыщыхъуа Іуэху псоми хэтащ, и цІэр адыгэхэм ящыгъупщакЫым нобэр кЫыздэсым, М. Ю. Лермонтовым и поэмэ цІэрыІуэм («Измаил-бей») и лЫыхЫжь нэхЫыщхьащ.

1805 гъэм Гумыщхьэщыщэхэта адыгэ лъэпкъ хасэм зэрыщыжиІамкІэ, ХьэтІохъущокъуэ Исмел илъэс тІощІ и пэкІэ щІалэ дыдэу икІаУэ щытащ КЪэбэрдейм, и адэм и унафэм ипкъ иткІэ, «щІэныгъэ зригъэгъуэтын пащІэ» (ХьэтІохъущокъуэ Исмел кЫущалъхуар ІупщІкЫым. Лермонтовым зэритхымкІэ, КЪэбэрдейм щикІам щыгъуэ Исмел илъэс пщыкІуплІым итт, абы тепщІыхьмэ, ар кЫущалъхуар 1771 гъэрщ).

Илъэс тІощым нэсащ сэ хэкум пэІащІэ сызэрыхъурэ. 1794 гъэм пІалъэ кІэщІкІэ сыкъыфхьыжьэкуэ зэрыщытым и гугъу сщІынкЫым. Си хэкум и Іуэху зытетым щыгъуазэ зыхуэсщІыным сыхунэмысауэ, си насыпншагъэм кЫыдэкІуэри, абы щыгъуэ сыфхэкІыжауэ щытащ. Си щхьэкІэ кЫызэуэлІа псоми сытепсэлъыхьыжькІэ, сыту жьпІэмэ, сэ сезыгъэзыр си псэм и щІасэ си хэкур нобэ зыІут ІэнатІэрщ, сызыхуэлажьэри абы и фейдэ зыхэлъымрэ тыншыгъуэ зэриІэнымрэщ. Си хэкум сэбэп сыхуэхъун мурадкІэщ сэ унэм сыщІикІари, ди лъэпкъ кЫрыІуэм сыхэсыжатэмэ, гухэхъуэгъуэу сиІэнкІэ хЫунУ псори кЫыщІыззэнэкІари, гъащІэм и Іэфы гъэкІэ кЫыззтэ щІалэгъуэм сыщІемыблари. А псори ІэщІыб щІэсщІар, вжьзоІэ сэ, щІэнигъэм зезыгъэузэщІа, цІыхур зэгурызыгъэІуэфын хабзэхэр ззэзыгъэпэщыфа лъэпкъхэр зэзгъэщІыхун щхьэкІэщ. Си лъэпкъхэгъуэм фІыгъуэ кЫезгъэуэлІэн папщІэ, бжьым хуэдэ сыхъуным сыщІэкъуащ сэ, сэбэп хъупхъэр зэщІэскъуэурэ си хэку лъапІэм кЫислъхьэныр си хъуэспанІэти. Си пщІэр лъагэ тхъэмадэжь, фэ фпІэІащІэ сызэрыхъар сигу кЫеУэми, ар зыхуэзгъэзшэчащ, сыкъыфхьыхьэжа нэужь, зыгуэркІэ сэбэп сыхъуфмэ, ар сэркІэ зэрынасыпым шэч кЫытесхьэртэкъыми. КЪэзгъэзэжауэ сыфхэтщ нобэ. Ауэ сыт сэ сыкъызэрихьэлІэжар, ди ХЪэ? Си лъахэм и унэхъуГъуэ махуэр си нэгу щІэбГъэкІыж щхьэкІэ, ди ТхЪэ, уигу кЫыщІызэбГъар!.. Насыпыншагъэу кЫыВуэлІа псор фи деж щысІъагъуРкЫым сэ. Ар сигу кЫызэруэр вжесІэу аращ. СывэупщІ кЫудейщ: щхьэ ехуэха кЪэбэрдей лъэпкъым и пщІэмрэ и щІыхьымрэ? ЗэтАр ар зи лажьэр? ПщІыхэми, уэркъхэми, зэрылъэпкъуи щхьэ зыщыВгъэгъупща хэкум и хуитыныгъэмрэ абы зегъэуэзэщІынымрэ нэхъ лъапІэ щыІэнкІэ зэрымыхъунур? Ижь лъандэрэ пщІэрэ щІыхьрэ зиІа ди лъэпкъыр зэрыхэкІуэдэжыр фльагъуркъэ? Фигу кЫеУэркъэ ар, жызоІэ! ХЪэуэ, КЪурІэным сытеІэбэурэ тхъэ фхуэсІуэнщ гукъанэ фхуэсщІын мурад сызэрымыІэмкІэ. ЩІхьэж и гукъанэ ирырекъуэх, ТхЪэм дев-гъэлъэІу ди лъэпкъым фІыгъуэ хуэдлэжьыфын щхьэкІэ, гуащІэрэ акъылрэ кЫытхилъхьэну.

Ди адэм и унафэм сеДэІуэри, си гум кЫыщІитхЪыу сикІауэ щытащ сэ ди хэкум. УрысеЙм сыкІуащ, сфІэмыфІми. Я хабзэри сигу техуэртэжьым сащыхьхьагъащІэм. ГугЪу сыдехьурэ ззэгъэщІащ я бзэр, ар ззэгъэщІа нэужьщ я хьэлщэнкІэ нэхъ щысщІыхуар. Дэ тхэмылъ куэд ядэслъэгъуащ абыхэм, ядэслъэгъуащ дэ зздмыгъэкІу куэди. УрысейР кЪэралышхуэщ, щІэнигъэмрэ зыужьныгъэмрэ щыщыбгъуащ. Урыс кЪэралыр кЫулейщ, и кЪарур, и гуащІэр инщ, цІыху мелуан щэщІрэ хьырэ исщ абы икІи, пащхьыхьр хуейм?, а цІыху бжьыгъэм и Іыхьэ щанэр зауэлІ хуэхъунущ. КЪэрал лъэщым дыщригъунэгъукІэ, ар кЫызэрытщхьэпэным иужь дитым хуейщ дэ, ди щхьэр тхЪымэжькІ папщІэ. Фи фІэщ фщІы, си лъэпкъэгъу лъапІэхэ, ди акЫыл дитЫжмэ, ди гЪунэгъу лъэщым и ней зыщыдгъахуэ зэрымыхъунур.

Ди гум зэи имыхУ адэжь Іущхэм я уэсятщ а кЪэрал лъэщым и жьауэм дыщэтын хуейуэ. Фэри зэрыфщІэщи, динкІэ ди благъэ Тырку кЪэралыр кЪаруунэ дыдэ хЪуаш...

Перэхэри мусЛымэнщ, ауэ я ЛЫщхьэхэр зэгурыІуэркъым, зы унафэ яІэкъыми, зыр зым щыхьжауэ зэрошх. Куэд щІакъым, дызыпэмыльэщынум дыпэуВри, ди щхьэр хэтлъхьащ, ди пщІэри ехуэхащ. АкЫыл зиІэмрэ и хэкур фІыуэ зыПъагъумрэкЪыгурыЫуэнщ дыщыынэхъуну махуэр кЫызэрыблагъэр. Зи щІыхьыр лЪагэ хасэ, дэ псоми дольагъу икІи зыхьдощІэ ди хуитныгъэр тфІэкІуэдынкІэ шынагъуэ зэрыхуар. АпхуэдэФ насыпншагъэр, и щхьэр течауэ жыСІэнци, зи лажьэр дэращ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ дэ, уеблэмэ зэунэхьуэщхэми, ди акЫыл зэтехуэрэкъым. Абы кЫыхэкІкІэ ди лъэпкъри зэкъуэтхьым, псори ззэзгъэдэІуэн тхьэмадэ диІэжкъым. Пщы щІалэхэр нэхъыжьхэм ердэІуэжьыркъым, я нэр щІалагъэм кЫыщепхъэуэри, гу лЪатэркъым ди лъэпкъым и кІуэдыжьыгъуэр кЫызэрыблэгъам: щхьэзыфІэфІхэм я зэранкІэ лъэпкъым кЫытохуэ ди гЪунэгъухэм я губжьыр, дяпэкІи кЫытехуэнущ, абы дытетынымэ.

ГЪуэщащэр гЪуэгу захуэ тришэжьин щхьэкІэ, ТхЪэм игу кЪоБгъри егъэунэхъу ахэр, ар зэхамыщІыкІмэ, нэхъри кЪахуогубжьри, и ней кЪащдохуэ. Ди бегъымбарыращ ар жызыІар. Насыпыншагъэ фЫхэхуауэ сыкЪыВихьэлІэжьГащ зы гЪэ сыкЪыщыфЫхьэжам, бзу цІыкІур, и дамэр ишэщІри, лЪэтэжащ...

Генералым и нэгур нэхъри зэхэуащ.

- Уэ ущІыкІуу губзыГъэщ, ХЪэжь Бэрзэдж, ауэ ущыГъупщэхщ, - жиІащ абы макЪыхуКІэ. - Уи кЪуилпІ зауэм хэкІуэдащ - ар зыщумыгъэгъупщэ. Егупсыс - зы кЪущ кЪыпхэунэжар. Шэчи кЪыгумыхьэ: тыгъэ кЪыскуэпща бзур кЪэзгъэдыхьи и пэ, уи кЪуэ заКЪуэр пфІэкІуэдынщ...

* * *

МЫ ПЫЧЫГЪУЭР кЪызыхэтхар урыс тхакІуэ цІэрыІуэ Голубов Сергей и «Сэлэтым и щІыхь» романырщ. ПычыгъуэмащІэмкІи гурыІуэгъуэ зэрыхъущи, романыр зытеуХуар адыгэ кЪэдым я щхьэр зыхалъхьа Урыс-Кавказ зауэрщ. А зауэм и тхьдэ псор игъэбэтэн мурад иІакЪым тхакІуэм - ар зы тхыгъэкІэ зэрыпхуэзфІэмыкЪынур гурыІуэгъуэщ. Абы и мурадар нэгъуэщІщ: я щхьэхуитныгъэм щІэзэуу, бэнэныгъэ гуащІэм иЛъэсищэкІэ хэта бгырысхэр зыхадза мафІэмрэ зальмыгъэмрэ я пэжкІІэр, зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми, хэІуцІыІу щІыныри. Дигу къэдгъэкІыжинщ Голубовым и романыр дунейм кЪыщытехьэ зманыр - 1940 гъэщ ар ящу кЪыщыдэкІар. Урыс-Кавказ зауэм и пэжыпІэр щабзыщІ зэмант ар, абы и хьыбар пэжыр зыгъэІуэм и щхьэр щыхрагъалъхьэри мащІэтэкъым. ЯбзыщІын хуейуэ унафэ зытращІыхьа темэм зэрызрипщІар хуагъэгъуакъым тхакІуэм: лъэныкъуэ ирагъэзри, и цІэ къудей ирагъэжакъым щІэх.

Узыхуимытыр дауэ пТын?

«Сэлэтым и щІыхь» романым щыщ пычыгъуэ

ХЬЭЖЫ Бэрэздж, шу гЪусэхэр щІыгъуу, щэджагъэу нэужьым нэсащ генерал Раевскэм дежь. Шым епсыхри, пщым сэлам итащ, ауэ етІысэхакъым: зигъэгъвэн мурад зэримыІэр абыкІэ гуригъэІуащ генералым. Бгырысхэм я дзэпщ цІэрыІуэр зыкъыбГъэдыхьэм, генералым зыкъиІэтащ. КІэщІт генералым и псалъэр - дзэпщыр кЪыщІригъэблэгъар. Тэрмэшыр зыбГъэдишэри, Раевскэм жиІащ:

- ГурыГъаІуэ ХЬэжы Бэрэздж: уи цІыхухэри уи лЪахэри ЫрысеЙм кЪуратащ тырку пащтыхьым. Уэ ар фІыуэ уощІэ, атІэ сыт ІэщэщІымыГъэтІылъыр?

Дзэпшым и жэуапыр тэрмэшым зэридзэкІащ:

- ХЪэжьм жиІэращ: урыс пащтыхьыр кЪулей дыдэу жывоІэ, генерал. Ар пэжмэ, фи пащтыхьыр щхьэ кЪытлъэхьа? Уи дзэм ди жылагъуэхэр щыІэзхифыщІэр сыт? ХЪэжьм жеІэ: нэпсей хЪунщ фи пащтыхьыр, дэрынІэщу щымыпсэуфкІэ...

Раевскэм и нэщхъыр зэхилъхащ, ХЪэжы Бэрэздж кЪемыплъу, тэрмэшым жриІащ:

- ЖеІэ абы: ди пащтыхьми тырку пащтыхьми ящІэ бгырысхэм я сэбэп зыхэпЪри зыхэмыльри. Делэм дэІуэн ямыдзмэ, кЪарукІэ хагъэзыхь. БгырысхэР ди пащтыхьым кЪеЗэуэмэ, сулъТ1анми и унафэр якъутэу аращ. Фи унафэр ищІакІэщ сулъТ1анмк: фэ абы урыс пащтыхьым фЫкъритащ.

А псалъэр зыуи кЪыщыхъуакъым ХЪэжы Бэрэздж, генералым еплъа фІэкІа.

- Тырку сулъТ1аным дэ урыс пащтыхьым дритынкІэ Іэмал иІэкъым: абы и Іэмыщ1э диЛъакъым игъащІэм, и унафи кЪытхэлъхьащ, жиІащ ХЪэжы Бэрэздж. - ЗэхуитмытыР дауэ пТын? Уэ ухахуэщ, инэрал, уэзрыхахуэм щхьэкІэ узот мо жыгъщхьэм ис бзу цІыкІур - плъэкІмэ, къэубыд!

Раевскэр жыгым дэплъеящ. Абы и щхьэр кЪыщІэтым, жыгыщхьэм иса бзу цІыкІур, и дамэр ишэщІри, лЪэтэжащ.

Ауэ сыныволъэІу, кІыхьлІыхь зывмыщІ, шынагъуэр кЪытщхьэщыхьакІэщ, зэман диІэжкъым.

Тырку

Джэтауэ Инал 1950 гъэм Тыркум къышцалъхуащ, адыгэ мухьэжырхэм я къуэпсщ. Инал и ныбжьыр илъэс 40 хъуауэ и Хэкум къигъэзэжри, Мейкъуапэ къалэ дэтIысхьэжащ. Аращ иджы щыпсэури щылажьэри.

Джэтауэм романитI къыдигъэкIащ: «Шухэр», «Джемрэ Элендрэ», «Шухэр» дунейм къытехьащ тыркубзэкIэ, адыгеибзэкIэ; «Джемрэ Элендрэ» - тыркубзэрэ урысыбзэкIэ.

Иджыпсту фи пащхьэ илъыр урысыбзэкIэ къыдэкIа «Джемрэ Элендрэ» романым щыщ пычыгъэущ.

ГъэзэжыгъуэкIэ зэджэ хъуэпсапIэ мыкIуэщI, е Дэнэ псэ джэ макъыр къыздиIукIыр?

Джэмал стIолым бгъэдэтIысхьа щхьэкIэ, тхыгъэм гукъыдэж хуиIэтэкъым. Къыпхэрыкьэрт гупсысэр - езыми зытриухуэну хэтти, и псалъэхэр хэщыпкьырэ кьыхихырт, кьыхихар псалъэуахуэ ишэщырти... Псалъэхар игу ирихьыжьырткъым - е кIыхьыщэт, е зэхэвынэт. Ар Iэбэри игу дыхьа макъымэр аргуэру дришеящ: «ФIыуэ фIьаГъухэм я деж вгъэзэж. Ахэр къыфполлъэ».

*Аддэ, жыжьалъэу Iуащхьэхэм зыщаIэтэрти, нэкъыфIэщI пэльытэурэ тенджыз щIэпльыпIэм и гъэзу кIуэдыжьыр. Макъамэм щIэлъ псалъэхэм Iлым и гупсысэр эи здэщымыIа Iьахэ жыжьэ гъэрым нахьэсырт. Зэманыжьым а Iьахэм щыпсэуат кэзд щIауэ зи псэхэр зэгъэжа Iыхьлы-лыджанэр. А Iьахэм и ауэхэм щыщхьэмыгъаэзу щхьэщыльэтырт шу минхэр. Джэмал хуэдэхэм зэгуэр ифIэкIуэда Iьахэрт а шухэм я **псэ джэ макъ** къыздиIукIыр. Кхъэльаухэхэм ящхьэщыт псэхэм я джэ макъ щIэжьыуэт ар.*

Псоми яIэщ ***гъэзэжыгъуэкIэ*** *зэджэ хъуэпсапIэ мыкIуэщIыр. Иджыпсту Джэмал зыщIэгупсысыж Беслъэн хуэдэ Iэджэ а гурыгъу кIэуэхыншэм ишхыу псэуащ. Беслъэн и гъащIэр зыхуиГъэпсар а мурад дыдэрт: Iьахэмрэ Iьэпкьымрэ захуишийуэрэ захунихьэсыфакъым. Гуузт Беслъэн и кьекIуэкIыкIар, гуауэт. Абы и хъыбарыр итхыжьму мурад ещI Джэмал.*

Беслъэн

Къамыгупсыса хъыбар

1915 гъэр екIуэкIыт. Iьапсэрых зауэр Дарданеллхэм щыIэпыуртэкъым, мин бжыгъэхэр лъэныкьуитIыхэмкIи щыхэкIуадэрт. Джэнкъубар шытхым щIыхуэзэр лъэрыщIыкIыу щIыззэрылIыжырт. Метриту зи кууугъэ щIытIым Беслъэн дэлъти, зэрыщхьэхуэхъэн иужь итт. Абы къыбгъурылът и ныбжьэгъу зауэлIхэр, сулътIаным и зауэлIхэр. Зэуэ цырхъ гуэр и тхьэкIумэ кьиIуэри, щIалэм и нэхэр къыззэтрихащ. Зиплъыхьа щхьэкIэ, игъэщIэгъуэн гуэри ильэгъуакъым. Нэху щыгъуэм, Беслъэн IупщIу ильагъурт лабжьалъэхэр, куутIхэр, Iуащ кIапсэ хьархэр, адэжкIэ бийм и щIытIхэр: хэт щхьэукъуэу, хэти жейр кьытекIуэри Iуичыпаэ абыхэм дэлъ зауэлIхэр. Хьэуар щым щхьэкIэ, псэм тегъуалъхьэрт. Зыр зым иукIыжьным хэупабгъэу мыбдеж мин бжыгъэкIэрэ цIыхухэр зэрыщIэзэхуэсар шинагъуэт икIи фIэщщIыгъуейт. Гъутхьэпсымрэ пщIэнтIэпсымрэ я бамэр щIытIым щыIыт, псори фIейт, псори сабалъэт.

Лъэбакъуэ тIощI хуэдэкIэ пэIэщIэу ильагъурт хъэуа сэлэтхэм язым хьэмбыIуу фоч зэригъэкъабзэр. Беслъэн и нэхэр зэтрипIащ. Фочыр игъэкъэбзэн и гугъати, иджы щIегъуэжащ, и ныбжьэгъуэхэр кьимыгъэушын щхьэкIэ. ЗаузэлIхэр жей хуэлIэурэ ешыпати, жеин нэхъ хъуэпсапIэ зыми иIэтэкъым. КIэ иIэтэкъым зауэм, кIэ иIэтэкъым джаурхэр хьаазэребгъэрыкIуэм. Дакъикъэ бжыгъэ дэмыкIыу, Дарданеллхэм я Iуфэр кьагъаджэу накьырэкIэ псори кьызэщIалэтэнырэ, текIуи зытекIуи здэщымыIэ зауэм аргуэру пащэнут. Джаурхэр кьобгъэрыкIуэ, арщхьэкIэ IуагъэкIуэт; уэсмэнхэр йобгъэрыкIуэ - ахэри кьокIуэятыж. Псэууэ къэна зауэлIхэр темыпыIэжу поплъэ жеипэ тIэкIу кьахуэзыхьыну пшапэ зэхэуэгъуэм. Мыбдеж щызекIуэрэкъым акъыли, гупсысэ узэиныи, мэхъэхэ хуэмыхуэ.

Беслъэн и щхьэм кьыхуиГъэтIасэркъым апхуэдэ цIыхугъэншагъэ залымым цIыхухэр зэресэр, зэрашэчыр. ЛъэныкъуитIымкIи щэ бжыгъэкIэрэ кIэрыкIу щыIэт. КIыфI хъуэу, зэхэуэр увыIа нэужь, укIыГъэхэр зауэ щIыбым яхьырти, щIалъхьэрт. Хэкlуэдахэм яхэтт негрэхэр, азие пIэхэрэм ящIыщхэр. И фэр фIыцIэу зауэлI укIыГъэ щIилъагъукIэ, Беслъэн игъэщIагъэрт. Езыми и ныбжьэгъухэми я пщIыхь кьыхэхуатэкъым а зауэлIхэр кьыздикIа щIыналъэхэр зыхуэдэри ахэр здэщыIэ Iьэныкьуэри. Абыхэм «анзак» фIащат, ящIэрт дыгъэр кьыздыкьуэкI щIы гъунэм инджылызэкэм ахэр бэджэнду кьызэрыращар. А псори къажехьIар я пашэ Аслъэнт. Абы кьикIращи, абыхэм ахъшэм и хьэтыркIэ зыкърагъэукI...

Апхуэдэ къэхъуэрэ? Езыр щIэзаузэр и Хэкущ, ар гурыIуэгъэущ, ауэ сом щхьэкIэ щIым и гъунэ укIуэу зыкъебгъэукIыни уи акъыл уикIыни щыщ. Дапхэдизу уделэу, ущхьэкуцIынщэу ущытын хуей, инджылызым цIыхуукIыу бэджэндэу укъиштэн папщIэ! Беслъэн игу кьихьащ и лъахэр. Кавказым щыIэ и Щэрджэс жьыжьэр, здыщалъхуа жылэжьыр...

... А зэманым Беслъэн иджыри сабий дыдэт. Илъэсипл I ныбжьым иту арат. Иджыпсту кьыхуэщIыкрыкъым и адэжь лъапсэр... Урысхэр къатеуэри кьуажэр ягъэсат; цIыхухъэхэр зэтрауKIат, мыдрей кьэнахэр щыIэзэхуахэт псы-хъуэм. Плыжь-фызыжь, бэлъхъугъэ куэдым сабийхэр ящIыгГуу мэзым зыщагъэпщкIуат. КIыфIым хэгъуащэри, Беслъэн и шыпхъу цIыкIуитIым ящыр кIуэдауэ ягъуэтыжыкIэ-тэкъым. Урысхэм лъэпкъым кьыпагъэтIылъат: «Адыгэхэр мы щIыпIэм кьинэ хъунукъым, уэсмэн кьэрал щIынальэм ирелэпхъуэ. Хуейкъ, Псыжь и Iуфэ сэмэгур псэупIэ ирырещI». Уэсмэн щIыналъэхэр Тыркум и закъуэтэкъым, абы хьихьэрт Балканхэри хьэрыпI хьэралхэри. Беслъэн и адэр урысхэм кьращIэкIа зауэм Iутти, и хъыбар унагъуэм ящIэрт-тэкъым. Анэм сабиитIыр кьищтэри, и кьуажэгъуэхэм ящыгъуу унэр ибгынащ. Унафэ кьыхуащIам тету, абыхэм тенджызымкIэ яунэтIащ. Льэпкъ псо лъэсу тенджызым Iухьэрт. Беслъэн и анэр гуэрым щыщIэупщIэрт быным я адэмрэ хъыджэбз цIыкIумрэ, арщхьэкIэ хъыбар кIапи игъуэтырт кьым.

Зэман куэдкIэ гъуэгу тетащ ахэр. ЗдэкIуэм абыхэм ялъагъурт гъуэгущхьэIум телIыхьахэм я хьэдэхэр, яIущIэрт узым IисрафищIэ жьыкIэфэкIэмрэ сабийхэмрэ. Беслъэн анэмрэ щыпхъу нэхъыжьымрэ я Iэхэр быдэу икъуэу кIуэрт. ИкIэмикIэжьм, ахэр нэсащ щэрджэс лакъуэ зыбжанэр здыщIэзэхуаса тенджызыр Iуфэм. ЦIыхухэм здэвынейуэ зэт пщыIэхэм, хэт тедзэщхэм, хэти щIы пщIанэ ущIам я щхьэ щIыззрахьэрт. Зыми кьрамыгъэгъаззу зэхуахусурэ, Iуфэ нэз бгъуэзм псэ зыIутыр иракъэзылат.

Нэхъыжьхэм Iуэрыуэтэжу зи гугъу ящI тенджызыр Беслъэн и щыпэлъагъут. Толъкъунэр фIэщынагъуэ щхьэкIэ, Iуфэщыр нэхъ Iеижт: бадзэхэр кьопщIырт, махуэкIэрэ хуабэвэхым уихьырт; жэщкIэрэ аргуэйр етат. Куэдыщэ хъурт сымаджэхэм я бжыгъэр. Псыр зэпэубыдат, уз зэрыцIалэ къэхъеям хьэпIацIэм ещхьу цIыхухэр Iуихьырт. Нэхъыбэм мы Iуфэр увыIэпIэ яхуэхъуат - кхъэлъаХэ абрагъуэт иджы Iуфэ нэзыр. Кхъуахъэм, кхъуафэжьейхэм псори пэплъэ щхьэкIэ, псори ихуэртэкъым. Кьесылъэ кхъухьэм ярыхуэзым нэхърэ щэнейкIэ нэхъыбэ ящтэрт. Ахъшэрэ дыщэрэ зыIыгъэм тыншу кхъухь къащтэрти, тырку IуфэмкIэ яунэтIырт. ЦIыхухэр кхъуафэжьейхэмкIэ кхъухьышхуэм ирашалIэрт.

... Кхъуафэжьей кьесылIэм цIыхур уэру ебгъэрыкIэрти, зэрызэхуэрт, зыр адрейм еIунщIу. Беслъэн и анэм, зишийри, кхъуафэм итIысхьахэм ящIащ зым щIалэ цIыкIур хуишиящ. ЛIым сабийр щIэлъэту къипхъуэтащ. Зэрызезкъуэ-зэIунщIыжым анэр хэгъуащэри, бзылъхугъэ кIий макъхэмрэ сабий гъы макъхэмрэ зэхэзэрыхьыжащ. Кхъуафэжьейм дэсыр гужьеяуэ кIийрт: «ФIызэтеувыIэ! ФIыукIуэт! ВгъэуфэрэнкIынущ!». Зэрыхьэзрийм пэIэщIэ зищIу, кхъуафэжьейр икIуэтыжу хуэежьэри, Беслъэн и анэр цIыкIуу Iувым яхэкIуэдэжащ, и джэ макъри зэхихьакъым. ЩIалэ цIыкIур гъыуэ и анэм еджэрт. ЛIым ар и куэщI иригъэтIысхьауэ едэхащIэрт: «Умышынэ, цIыкIу, уи анэри адрейхэм ящIыгГуу кхъухьышхуэм ныткIэлъыкIэнущ. ДыIыкIынукъым ахэр димыгъусэу»...

Беслъэн игу зэи ихунукъым а махуэ шынагъуэр. Кхъухьым нашэса нэужь, лIым жиIэрт: «Мис си бынхэр, умыгъэгъащэу абыхэм задэIыгъ. Зы егъэзыпIэ къэдгъэтынщ». ЛIым и къуитIым языр Беслъэн нэхърэ нэхъыжьт, етIуанэр нэхъыщIэт, и анэм и Iэпэр иутIыщIыртэкъым.

ПIланэпэ гуэр лIым кьигъуэту, лъэныкъуэегъэз защIа нэужь, Беслъэн кьилъэгъащ тенджыз Iуфэм щекIуэкI гуIэгъуэр - цIыку мин бжыгъэхэр хьэпIащIэ фIыцIэу Iуфэм щызэблэжырт. Арыхьэу кхъухьым исхэм хьэргъэшырГъэ кьаIэтащи, зэщIогуагъ. ЗэщхьэгъэуситIымрэ зэшитIымрэ гужьеяуэ Беслъэн кьыIуоплъэри, лIыр мэкIий: «Уоу! Тхьэм и нэлат! Кхъухьыр Iукlмэ, сабийм и анэр кьэнэнущ!».

Кхъухьри хуэмурэ пщырти, Iуфэ нэзри тIэкIу-тIэкIуурэ икIуэтырт. ЗэкIэрыхуахэр зыщIыгГъа кхъуафэжьейри тригъаззу Iуфэм кIуатэкъым. Хэтыт зэкъуачэ зэанэзэкъуэр кьызыфIэIуэхур?! Зэщхьэгъусхэм яхуэмыгъэудэIуу Беслъэн гъэгъырт. Хъуреягъыр тенджызт, щIы пльагъуртэкъым. Хьэзабыр ягъэврэ хэт къэжьу, хэти пльыржьэру, кхъухьым иубауэ цIыхур ит.

ЛIым (Хьэмид) жиIэрт: «Дэ дыздашэм унэкIуэнщ, удигъусэурэ уи шыпхъу цIыкIури уи анэри ныткIэлъысыжьынщ. Тхьэм жиIэмэ, псори зэтес хъужьынщ. Умынэщхьей, цIыкIу!».

ЕплIанэ махуэм къаруи псэури ямыIэжу ахэр тырку кхъухь тедзапIэм щитIысыкIащ. Кьыздикlам нэхърэ кьыздэкIуар нэхъ Iеижт: уз зэрыцIалэр, кьулейсызыгъэр, фIейр. Тхьэмахуэ зыбжанэ дэкIащ. А зэманым кхъриубыдэу Щэрджэсым кхъухь Iэджэ кIикIыжат, ауэ Беслъэн и анэмрэ и шыпхъумрэ ахьыбарыншт. Хьэмид махуэ къэс кхъухь тедзапIэм кIуэрт, щIэупщIэрт, дзыхьэкIэ лъэужьм щыIэтэкъым. Хьэмрэтхэм хуэгуэш щIакхъуэр кьыздихьырти Хьэмид къэкIуэжьырт. Ар щигуэшкIэ езым и кьуэхэм зэхуэдэу яритти, Беслъэн нэхъ Iыхьэшхуэр льиГъэсырт. Иджы Беслъэн ищIэрт здэщыIэм зэреджэр. Ар Самсунт. Уэрамхэм мэжэщIалIэу щызеджадэрт Щэрджэсым къраша щIалэ цIыкIуэр. Абыхэм кьызыхьыхьам я бзэр ящIэртэкъым. Псори гъаблэгурт, нэхъыбэм уз я пкъырытт. Я́ныкьуэхэм егъэзыпIэ кьыхуагъуэтрэ Iуашмэ - гуфIэхэрт. Зэпымыууэ уэшх кьеешырти, уэтIпсытIыр псэм и жагъуэт. Сабийхэр лъэужьыншэу бззхьрти, балигъхэм жаIэрт: «Тхьэм зришэлIэжащ...».

Гъаблэмрэ узымрэ Iуахырт цIыхур. ДэIэпыкъуэгъуэ зэлъэмыIэсу мащIэт - Щэрджэсым кхърахуауэ къэIэпхъуэр куэдыщэ хъурт. Я́гъуэттэкъым псэуплI, ерыскъы, дохутыр, хущхъуэ. Хьэмиди адрейхэм ещхьу хэкIыпIэ кьилъыхъуэрти, дэнэкIи зидзырт. ЖаIэрт кхъухьэм цIыкур здащтэрэр, Истамбыл къалэ здашэу. Адэкlэ Эгей тенджыз Iуфэ е Мрамор тенджызым и Iэшэлъашэ уихьэмэ, хьэрып щIыналъэм е Мысырым укIуэ хъунут.

Махуэ гуэрым Беслъэн игъэтIысри, «ПщIэрэ, мыбы куэд щытхуэхьынукъым, адэкIэ дыкIуэн хуейщ. Уэ анэмэткIэ дзыхь ухуэсщIу укъызыхуэзгъэнэн мыбдеж щыIэкъым. Ди гъуэсу накIуэ Истамбыли, пщIэнукъым ар зэрыхъунур, ууейхэри абыкIэ яшакъм яхэту къэдгъэутыжынри хэлъщ. Мы къалэ угъурсызым псэхэлIэ дыщыхъу нэхърэ нэхъыфIщ ар. Мастэхъым цIыхур, мэкъу хьэвэм хэкIуэдэн хуэдэу. ДащIэупщIэнщ, дыIныхъуэнщ. Тхьэм укъыщыкIэщIилъыбакIэ, си бынитIым уахуэдэщ». Беслъэн псалъэ жиIэу мыIэфу гуэрт. Илъ щыкIэ и адэр, итIанэ и шыпхъу нэхъыщIэр кIуэдащ. Иджы кIуэдыпащ и анэри адрей и шыпхъури. Аддэ зы щIыпIэ гуэрым, зы кьалэ гуэрым абыхэм кьыщалъыхъуэ хъунщ езыри.

Беслъэн фIыуэ ещIэж Хьэмид гъуэгуанэм зыщыхуигъэхьэзыра махуэхэр. Хьэмидрэ Хъадыжэрэ щIалэ цIыкIур я быну кьалъытэрт, езы Беслъэни ахэм зэрахущытыр адэ-анэм хуэдэут. Унагъуэр гъэгу зэрытехьэн ахъшэ къыщIихьн щхьэкIэ, Хьэмид Iэмалыншэу зыхуеину пльэпшэхэри ищажырт. Беслъэн зэи зыкIэримыхыу зэрихьа адэ фэеплъ кьамэр иджы ищну тегушхуат. ХасэмкIэ зегурымыIуэрэ, щэхуакIуэм Беслъэн и пыIэри кьамэм дигъэкIэну щыхуежьэм, щIалэ цIыкIум кьамэ Iэпщэр икъузурэ кьэлыбат: «Напэ зимыIэ, пыIэ зехьэным щIыхь пылъщ! Ар щхьэ кьызжепIэхха?!». Ситуми зэгурыуэри, ахъшэри иныгърэ, пыIэри щхьэрыгъуу кьежьэжат. ЕрагъкIэ ахэр Самсун кьыдэкIри гъэзгу техьат, арщхьэкIэ хэкужь тенджыз Iуфэм адыгэхэр Iисрафэ щызыщIа уз зэрыцIалэр мы щIыпIэми кьащыкIэлъысати, Хьэмид и къуэ нэхъыжь Льостэн сымаджэ хъуащ. ТхьэмахуитIкIэ хьэлъэу плъыржьэрри, шэрджэс куэд зыгъэлIа узыфэри зи щIалэр. Беслъэнрэ Аслъэнрэ гъырт, Хьадыжэ игу хэщIу гъуэгурт. Льостэн щIалъхьа нэужь Хьэмид жиIащ: «Льостэн сызыхьжа Тхьэм Беслъэн къызитауэ аращ иджы. АдэкIэ къыптощыIыпIэр гъэгущ...».

... ЩIыпIым здыдэпIым Беслъэн шэч къытрихьэурэ игъэщIэгъэжырт а псори и нэгу щIэкIаауэ иджы мы зауэ гущIэгъуншэм кьызэрыщыхутар. А зэманым унагъуэм Истамбыл и гъэмбырэщ пхыдзахэм егъэзыпIэ щагъэотри, жьыIурыхьэгъуэ яIухуат. Хьэмид лажьэрт, щIалэ цIыкIуитIыр еджапIэ щIэтIысхьат. ЩIэмычэу ахэр щIэупщIэрт Беслъэн и анэмрэ и шыпхъухэмрэ, ауэ кIуэдахэр хъыбарыншэт.

ЕджапIэр кьауха нэужь, Беслъэнрэ Аслъэнрэ зауэлIхэр щагъэхьэзыр и ерыскъ и нэгу щIэкIаауэ иджы мы зауэ гущIэгъуншэм кьызэрыщыхутар. А зэманым унагъуэм Истамбыл и гъэмбырэщ пхыдзахэм егъэзыпIэ щагъэотри, жьыIурыхьэгъуэ яIухуат. Хьэмид лажьэрт, щIалэ цIыкIуитIыр еджапIэ щIэтIысхьат. ЩIэмычэу ахэр щIэупщIэрт Беслъэн и анэмрэ и шыпхъухэмрэ, ауэ кIуэдахэр хъыбарыншэт.

... ЩIыпIым здыдэпIым Беслъэн шэч къытрихьэурэ игъэщIэгъэжырт а псори и нэгу щIэкIаауэ иджы мы зауэ гущIэгъуншэм кьызэрыщыхутар. А зэманым унагъуэм Истамбыл и гъэмбырэщ пхыдзахэм егъэзыпIэ щагъэотри, жьыIурыхьэгъуэ яIухуат. Хьэмид лажьэрт, щIалэ цIыкIуитIыр еджапIэ щIэтIысхьат. ЩIэмычэу ахэр щIэупщIэрт Беслъэн и анэмрэ и шыпхъухэмрэ, ауэ кIуэдахэр хъыбарыншэт.

Еджапlэр кьауха нэужь, Беслъэнрэ Аслъэнрэ зауэлIхэр щагъэхьэзыр еджапIэ-интернатым щIэтIысхьащ. Ар хъэзыухэр занщIэу дзэм ягъакIуэрт. ИтIани, еджэху я ныбэ изу зэрагъашхэм и хьэтыркIэ, щэрджэс щIалэ цIыкIухэр куэду а еджапIэм щIэтIысхьэрт. Беслъэнрэ Аслъэнрэ я япэ улахуэр адэ-анэм хурагъэхьат. Хьэмид Самсун кIуа щхьэ-

Адыгэхэм ятеухуауэ жаIахэр

Шыр адыгэм и етIуанэ псэщ. Зы лъэныкъуэкIэ, адыгэм и шыр нэгъэсыпаэу зыхуей хуегъаззэ, ауэ иригъащIэри уи нэгу кьыпхуущIэмыгъэхьэн защIэщ. Шыхэр зэрыцIыкIурэ зауэм щымышынэу, фоч уэ макъым имыгъащтэу, шууейм и макъыр кьищIыхужу, и унафэм едаIуэу ягъаеэ. Сыт щыгъуи укъегъэуIэбжь нетI зэхэзэрыхьауэ хъуакIуэу плъэгъуахэр напIэзыпIэм зейм кьигъуэтыжарэ зауэ Iэнатlэм Iухьэну хьэзыру кьызэрагъэувым. ЗэрелаIэшхуэ щымыIэу, псыщIэу уанэ зэрыгралъхьэм, езыхэри зэрыIэкIуэлъакIуэм и фIыгъэкIэ, адыгэр европей шууейм елъытауэ, тIукIэ нэхъ псыщIэу мэпшэ.

ЛАПИНСКИЙ Теофил

Беслъэн иджыри гугъэрт. Аслъэн дзэ кьулыкъуэкIэ дэкIуэтейуэ полковник цIэр кьыфIащати, дунейпсо зауэр кьыщыхъейм, Беслъэн кьуэшым и хьэтыркIэ тегушхуэри, зауэм Iухьащ. Иджы Дарданеллхэм кьыщыхутащ. Кавказым щыIа зауэм Беслъэн IэщIихат лъахэр, адэ-анэр, кьыдалъухахэр. Аргуэру зауэ. КIэрыху. Зэхэкъутэныгъэ. Хьэдагъэ.

Дунейм дзэуэ тетыр Дарданеллхэм я Iуфэ бгъуэзм щызэхуахусам ещхьт. Мы дунейпсо мафIэсым укIэтъыплъу пщIантIэм ущыдэсын зэмантэкъым иджыпсту.

Аслъэн полк иIыгъуу мыбы щыIэт. Беслъэн лейтенант къудейуэ арти, Аслъэн ар интендант къалэн зыхьхэм яхигъэхьэну хуейт, арщхьэкIэ мыдрейр Iэубыдыпlэншэу мафIэ курыкупсэм еIэрт. Зэхэуэхэри кIащхъэ хъуртэкъым, гъунэ иIэтэкъым цIыхум и акъылыншагъэм.

... Къыбгъэдэлъ сэлэтыр кьеIунщIри, Беслъэн и гупсысэхэр зэпиудащ:

- Полковник Мэрал Аслъэн щыIытIым кьыщыпполлъэ!

И кьуэшыр щыщIыхьэм, Аслъэн гуфIэу кьыпежьащ. Адъютантым Беслъэн щэнтыр кьыхуигъэкIуэтащ. Аслъэн шей къарэрэ щIакъъуэ гъэгъуарэ щIалэм кьыщыхуигъэлъагъуэм:

- Уи пщэдджыжьыншхэр мыращ... Полковникым дежкIэ мащIэкъэ, Аслъэн?

- Зауэр ямыгъэувыIэмэ, ардыдэри тлъагъужьынукъым.

- Пэжу кьыщIэхьынщ. Мы жьыхьэнмэм псори дызыIуриIуплъэфэн хуэдэу кьысофIощI. ЩIыпI зауэм нэхъ Iей цIыхум кьыхуэгупсысынкъым. ЗыщIалъэфыхьыр сыту пIэрэ дзэпщхэм? Сыт иджыри зыпэплъэр, емыбгъэрыкIуэу?

- ЖыIпIэр сыт, Беслъэн? ЕрагъкIэ тхуэзэтеIыгъэу аращ мохэр. Уэ иджыри ебгъэрыкIуэн гугъу ущI. УебгъэрыкIуэн папщIэ, артиллерие, цIыхьу щхьэ бжыгъэ уиIэн хуейщ. А дызыхуэныкъуэр бийм нэхъапэ кьыIэрыхьэмэ, дэри кIэ диIэщ. Тхьэм щхьаримыт зыри!

- ТIэуплъэщIэкъым. Зэщ ар... Сэ, псэууэ сыкъанэмэ, Шэрджэсым сыкIуэжынущ. Иджы зыхэкъуу сощIэ си унагъуэр абы кьызэрыщынар.

- Беслъэн... Уи щхьэр зэкIуэIа?

- НтIэ. Мурад сщIащ сыкIуэжыну. Мыпхуэдэу упсэу хъурэ? Илъэс плIыщI нэблэгъащи си анэр слъэгъуакъым. Дэнэ си шыпхъуэхэр здэщыIэр? Си адэр-щэ? Iэджэ щIа хъунщ си адэри си анэри дунейм зэрехьэкъэ. ИтIани, си шыпхъуитIым языхэз къэзгъуэтынкъэ? Мыхъужьыхэмэ, Шэрджэсым сыщылIэжынщ! НэгъуэщI сыт сызыпIэплъэнур?

- Сэ жызоIэри, уи щхьэм лажьэ иIэщ, Беслъэн. МафIэсым дыкэтщ псори. Езыращи, къэтIысауэ зыплъыхь-зекIуэм зыхуегъэзэжынр.

- Хъунщ уэри, си губампIэр згъэтIысауэ аращ. Хуабжьу кьыстохьэлъэ... Тхьэм псоми шыIэныгъэрэ кьаурэ кьытхилъхьэ.

Аслъэн сэлам ирихьжри, Беслъэн и Iэнатlэмкlэ игъэзэжащ. ЩIытI зэвым дэтурэ здэкIуэм абы аргуэру и нэгу кьыщыхьащ имыIэж лъапсэр, мафIэр, абы илыпщI мэкъу кIэпIинэхэр, абыхэм ящхьэщIт Iугъуэр... И нэгу кьыщIэуващ Щэрджэс тенджыз Iуфэр - анэм и нэгур, ар иужь дыдэ кьызэрыпплъэжар, адэрти... Ар ицIыхухэрэтэкъым. ЩIалэм и гур хуэмыхьыж узу кьиузыкIащ. Ар кьэтэджащ, зэуэ зишэщIри щIытIым кьыдэувыкIащ.

- Уздэкlуэр дэнэ, быилым!

- УкъаукIынущ, щхьэзэ!

- КъэгъазэщIытIым!

ЗауэлIхэр гужьеяуэ абы кIэлъыджэрт. Беслъэн зигъэзауэ абыхэм я нэгур зэпиплъыхьырти, псоми ящIилъагъуэр зыт - ажал фIэкIыпIэнэм и хьэкъ гужьеигъуэрт.

- КъэгъазэщIытIым, умыихьлынщэ...

Ауэ Беслъэн зыри зэхихьртэкъым. Дарданеллхэм я джабэ нэкIуэр зэпиплъыхьурэ абы хьэуар кууэ зыIуришэрт - ежьэрт шэр кьыщилъытынум. Кьалъэгъуат ар, дауи! Кхъуанэм хуэдэу фочышэм ипхъэха щIалэр щIытIым хуэмурэ дащатэрт...

Къэбэрдей тхэкIэм изыгъэзэгъар
КЪАРМЭ Iэсиятщ.

Сурэтыр КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Сэвкlуий Хьэмид** *ищIащ.*

● Пэжым нэр ирещI

Лъапсэрых

Сыт адыгэхэм я Хэкур щIабгынар?

БГЫРЫСХЭР езыр-езыру иIэпхъукIын гукъыдэж къызыкъуахыным сыт и лъэныкъуэкIи ирахулIэрт. Ар и мураду Евдокимовым сом миниц къыхуаутIыпщыну лъэIуащ, езыхэр хуейуэ иIэпхъукI унагъуэхэм зыритыну.

Гурыlуэгъуэт а ахъшэ мащIэр унагъуэ куэдым зэраримыкъунур. Ауэ Евдокимовым игъэIуну хуей къудейуэ арат апхуэдэ тыгъэхэр зэрыхагъэкIыр, абы щигъэгугъыу нэхъ псынщIэу я лъапсэр ягъэбгынэн папщIэ.

Iэмалым я нэхъ ину къанэр хэзыгъэзыхь къару зэфэззэщырт. ЗэрыжысIащи, къызэремылынур ящIэ пэтми, адыгэхэр зэгухьэурэ зауэхэрт. Ауэ дэнэкIи щыщызэтраукIэм, хуэм-хуэмурэ я гур яфIэкIуэдыпэри, я щхьэ яхъумэжьныр щагъэтыпащ.

Тынштэхъым зэуэ зыпIэту уежьэныр, кIуапIэри жапIэри къыпхуэфIэмыгъэщIу. Ауэ гупсысапIи къратырэтэкъым абыхэм. Лъэныкъуэ псомкIи дзэ гупхэр ауТIыпщат, абыхэм загъэшыжурэ Iэгъуэблагъэр къызэкIухьырт: къуажэ, уна е пщыIэ гуэрхэм зыщаудыгъуауэ щIэмысу пIэрэ адыгэ ирахужьахэр жаIэу къалтыхъуэу. Апхуэдэ къуажэхэр, унэхэр, пщыIэхэр зыри къыхэмынэжьхуу ягъэсырт, щIэлъыр къуентхъыу зэщIакъуэрт, щIэсахэр - цIыхухъуи, бзылъхугъи, сабии - я нэр здэплъэмкIэ кIуэну зэбграхырт. Гужьеяхэм е мэзхэм, е иджыри зэтрамыкъутэпа къуажэхэм зыщагъэпщкIурт. Ауэ лъапсэрых къарур нэхъри нэхъ жыжьэ Iэбэурэ я зыгъэпщкIуплIэхэми нэсырт.

Гуп екIуэлIапIэншэхэр бжыгъэкIэ багъуэурэ къухьэпIэмкIэ жэхэрт, гущIэгъу зимыIэ жьхапхъэми ахэр еуэ-еуэу зэхуитхъусурэ иripпхъэнкIыкIырт, Кавказ щхьэдэхыпIэм зэприхурти тенджыз ФIыцIэ Iуфэм деж Iэтэшхуэурэ щызэтритхъуэрт.

ТИХОМИРОВ Лев,
урыс цIыхубз лэжьакIуэ, тхакIуэ.
1927 гъэ

ЗАСС бийр гуэзвгъуэ и псэм телъу гъэпсэун хуейуэ къилъытэрт. Абы и нэщэнэу, езым и унафэкIэ зэтригъэтхъуа ЩIыпI Быдзэм пэгъунэгъу Iуащхьэм гъущI бжэгъуэр щыхригъатIэри, абыхэм адыгэхэм я щхьэ пыупщIа-хэр фIригъэIуауэ фIигъэлтэ, я жьакIэхэр жьым щIихурыхукIыу. Ау гур къригъакIуэрт а теплъэгъуэ гукъутэм.

Зэгуэрым генералым Нарышкинэ-гуащэр и деж иригъэблэгъащ. Бзылъхугъэм къыхуиIуэхуащ, щхьэхэр ефбгъэхьжмэ, сынэкIуэнщ жиIэри. Засс абы и гукъыдэжьыр игъэзащIэри, псори и унэм деблэгъащ. И пэшым сызэрыщIэбакъуэу, псэм къытегъуалъхьэ мэ Iей дыдэ гуэр къысщIихьащ. Абы гу лъызыта Засс дыхьэшхри, Iужьр зыIутыр къуажэ, унэ, щыгъуэ гуэрхэм зыщаудыгъуауэ щIэмысу пIэрэ адыгэ ирахужьахэр жаIэу къалтыхъуэу. Апхуэдэ къуажэхэр, унэхэр, пщыIэхэр зыри къыхэмынэжьхуу ягъэсырт, щIэлъыр къуентхъыу зэщIакъуэрт, щIэсахэр - цIыхухъуи, бзылъхугъи, сабии - я нэр здэплъэмкIэ кIуэну зэбграхырт. Гужьеяхэм е мэзхэм, е иджыри зэтрамыкъутэпа къуажэхэм зыщагъэпщкIурт. Ауэ лъапсэрых къарур нэхъри нэхъ жыжьэ Iэбэурэ я зыгъэпщкIуплIэхэми нэсырт.

Гуп екIуэлIапIэншэхэр бжыгъэкIэ багъуэурэ къухьэпIэмкIэ жэхэрт, гущIэгъу зимыIэ жьхапхъэми ахэр еуэ-еуэу зэхуитхъусурэ иripпхъэнкIыкIырт,

БГЫРЫСХЭР гъэIэса зэрыхъун Iэмал нэхъ зэпэщу Вельяминовым илъытэр ГъаблIэрати, тенджызым къызэпрашу зыри къаIэрымыхьэн хуэдэу, Iуфэм Iэнэпэрэ Гагрэрэ я зэхуаку дэт къухьхьэмрэ дзэ щхьэхуэрэ Iугъуэвэн хуейт, адыгэхэр мэжэщIалIагъэм иубыдын хуэдэу.

А къарухэм, япэрауэ, я къаIэнт урыс къуажэхэм нэхъ щIы пшэрхэр ирагъэубыду, бгырыс-хэр ящIхэм щIэзэхагъэкIуэтэныр. ЕтIуанэу - тепщэгъуэм и унафэрэ и арэзыныгъэрэ хэмылъу зыхуей-зыхуэныкъуэ зыри къаIэрымыхьэн папщIэ, ахэр щIынальэм и адрыщIкIэ зыми яльэмыIэсу щIын хуейт.

КОРОЛЕНКЭ Прокопий,
Теджыз ФIыцIэ къэзакъыдзэм и тхыдэтх.
1874 гъэ

КОНСТАНТИНОПОЛЬ дзызышэн хуей къъхьыр сыхьэткIэ гувэрти, адыгэ тхьэмыщкIэхэм деплъыну дыкIуащ псори. Ахэр зэрыт щытыкIэ хьэлъэмрэ ящэн бэлыхьымрэ ди нэпсхэр къыщIихуащ. ЩIхьэж хуэзэрIэкI зэхэтлъхьэри, ерыскъы яхуедгъэхьащ. Анэхэм, адэхэм я бынхэр Iэплlэкlэ къыдгъэдахьэурэ къыджаIэрт: «Кхъыlэ, мыр фщэху. Щэху цIыкIущ, фигъэбэмпIэнукъым, псынщIэу къывэсэнщи, сытри къыфхуищIэнщ. Кхъыlэ, зиусхьэн, щэху!»

Гур зыкъутэ теплъэгъуэт ар. Уэ зи сабийхэр къыдэзыгъэщэхуну хэт анэ тхьэмыщкIэхэ! Дауи, ахэр гу быдэщ жыпIэу пхуэгъэкъуэнщэнукъым. Сабийхэр ящэмэ, мы ирахужьа тхьэмыщкIэхэм гъащIэ къыхуащэхуу арат, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм фIыуэ ящIэрт езыхэм къызыхуагъанэмэ, ахэр мэжэщIалIагъэм, е щIыIэм, е къарууншагъэм зэрилIыкIынур. Я щхьэр къазэрыфIэмыIэхуж гурыщIэрат ахэр зезыхуэр...

ЩIыIэмрэ мэжэщIалIагъэмрэ я фэр пихуауэ, адыгэ тхьэмыщкIэхэу щIы пцIанэм телъхэр; гъуэгум къащытепсыха гугъуехьыр зыхуэмыгъэву дунейм ехьжа сабийхэр; абыхэм я мащэ къатIагъащIэхэр; я псэр хэкIын и пэ слъагъуга иджыри нэгъуэщI куэдыр; анэ тхьэмыщкIэ зи сабийр щIыIэмрэ гъаблэмрэ щызымыхъумэфхэр зэрыт сурэт гужьеиГъуэр - а псори си нэгу щIэмыкIамэ, сэри жысIэнкIи хъунт мы адэ-анэхэр гущIэгъунышэу. Ауэ слъэгъуа нэужь жызоIэ, абыхэм ящIэр адэкIэ кIуапIэ зимыIэж анэ лъагъунытгъэм къызэрыхэкIар. Мы гузэвэгъуэм нэплъэжьгъуэ къыщIезыт я бынхэр къахуэнэ нэхърэ, ахэр ажалым къыIэщIатхъын папщIэ, ятмэ нэхъ къащтэу.

ОЛИМПИЯ Эдвард,
франджы тхакIуэ.
1864 гъэ

БГЫРЫСХЭР къимыкIуэту я къэкIуэну махуэм фIыкIэ щыгугъэрт, я гъуэгур зэрызахуэр ящIэрти, темыкIуапIэ яIэтэкъым. Сыти жыIи, ди фIэщу зыкъэдгъэпцIэжми, къэралыгъуэм и фейдэшхуэ хэлъу Iэмал зимыIэ Iэху щхьэпэ зэфIэдгъэкIауэ жытIэу зыдухеижми, дэращ абыхэм я хэкури, я унэ-жьэгури, я щIакъуэ Iыхьэри къатезыхар.

НЕМИРОВИЧ-ДАНЧЕНКЭ Василий,
урыс тхакIуэ, журналист, зауэ корреспондент.
1876 гъэ

УРЫСХЭМ я быдапIэхэр нэхъри нэхъ шынагъуэжу, Iуву зэхэту къращIэкIмэ, абыхэмкIэ Адыгэ Хэкур ялъахъэфынущ. Ауэ игъащIэкIи къэбэрдей лъэпкъ пагэм, бжыгфIагъэр цIыхугъэкIэ Адыгейм и лъэпкъ хэIэтыкIахэм фIэкIа пхухуэмыгъэдэнум, абыхэм я щIопщым зыдигъащхьыныкъым.

Зэ закъуэ нэхъ мыхъуми, Къэбэрдей Хасэм екIуалIэу мы цIыху щапхъэ гуакIуащэр зи нэгу щIэкIам, ахэр дунейм щытепщэныр я натIэу и фIэщ нэхъ хъунщ, урысхэм я пщылI, нэгъуэщIу жыпIэмэ, пщылIхэм я пщылIыж хъун нэхърэ.

БОДЕНШТЕДТ Фридрих,
нэмыщэ усакIуэ,
тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ.
1855 гъэ

АДЫГЭХЭМ уи нэгум къыпхущIэмыгъэхьэн хахуагъэ къагъэлъэгъуащ. Урыс мыжурэхэмрэ дэнэкIи къащыпежьэу, тIощIым щIигъурэ къъитрагъэзэжурэ ахэр урысхэм къебгъэрыкIуащ.

«УхэкIуадэмэ нэхъыфIщ, бийм уи къъушым и хьэдэр къыхуэбгъанэ нэхърэ», - жызыIа Тхъэм и лIыкIуэм и уэсятым хуэпэжу, ахэр урысхэм я топ гъэувыпIэхэм нэс къыкIуэцIрыкIэрт, зауэзэрыпI гужьеигъуэм щыхэкIуэдахэр къалъыхъуэжу. Зауэ губгъуэм къинар жэнэткIэ къэзыгъэгугъэ диным ерыщу зэрыбгъэдэтхэращ мы зауэлI лъэпкъхэм дащIыпэмыльэщыр. Зэхэуэ гуащIэхэм ущыхэплъэкIэ, къарууэ къыхуэнэжар зэхилъхьэжу, и сэшхуэр зытрикъута урыс ныкъуэлIэм и хьэдэм и гъусэу щIым техуэн хуэдэу, зи бгъэгум мыжурэ кIуэцIрыкIа адыгэр бийм ебгъэрыкIуэу зэкъым-тIэукъым узэрырихьэлIэр.

Де ПИНЭ Эмануэль,
урысыдзэм хэту Кавказым щыIэуа франджы уэркъ.
1830 гъэ

Адыгэдзэр зауэм Iуохьэ. *Сурэтыр 1843 гъэм ящIащ.*

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



Адыгэхэр. *Литографие. Париж, 1855 гъэ*

Къэбэрдей зауэлI.
Сурэтыр **Гагарин Григорий** *ищIащ.*
1841 гъэ

Адыгэ зауэлI.
Сурэтыр **Леннет Генри** *ищIащ.*
1862 гъэ

Мысыр пащтыхь гуащэ
Наурзокъуэ Фаридэ
(XX пI.)

Ливаным щыщ уэрэджыкIуэ, зи макъыр яфIэтельыджэ
Фейруз *(1930 гъэ)*

Франджы балетым и примэ
Щэмырзэ Моникэ
(Черинэ Людмилэ)
(XX-XXI пIнI.)



Франджым и Пыхъужь
Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан
(XX пI.)

Тырку киноактрисэ цIэрыIуэ
Шорэ Туркъан *(1945 гъэ)*

МЕРЭТЫКЪУЭ Метин

Си хэку

Адэжь щIыналъэм и кIэдахъуэм
СыкъыщIэкIатэм удэ гъэгъауэ,
Iэфlыгъэм гъащIэр щыз ищIынт,
Псэхугъуэр си псэм щыхэпщынт.
Адэжь щIыналъэм и кърш щIагъым
Си гъащIэр псыуэ къыщежьатэм,
Гуфlэгъуэ защIэр есхьэхынт,
Къуршыбгъэ лъагэр псым къищынт.

Голландие, Амстердам

ДЫГЪУЖЬ ФуIэд

Уз

Уз Iеищэ къызоуз,
Къызоузри - сегъэгъз.

Пхъэхым хуэдэу сызэпех,
КъысхыхьэхукIэ сегъатхъэ.

Къызэузми, си гуапэщ,
СрищIыкIми, сфIэлъапIэщ.

Уэ си узу, бетэмал,
ХыумыгъэщIыт зы мэскъал.

Адыгэ псоми еуаIэ,
Псори зы щIыпIэ ешаIэ.

Уеуз хъумэ - заIэтынщ,
Уи хущхъуэгъуэр къагъуэтынщ.

Гъуэгу нэхъыфIым дытепшэнщ,
МыхъумыщIагъэм дыхэпшынщ.

Сэ си узыр хэт къищIэн?
Си щэхуфIыр къыздищIэн?

Адыгагъэрщ къызэузыр,
ЦIыху пэжагъырщ сэ сызысыр.

ЗэрыцIалэми си узыр,
Сыхъужьынут зэуэзэпсэу:

Си лъэпкъ мащIэр зы хъужамэ,
Iуащхьэмахуэ тлъагъужамэ!

Сирие, Хъышие къуажэ

ЧУРЕЙ Алий

Тхыдэ

Си адыгэ нащхъуэ,
Уи нэ нащхъуитIыр
ГъэущхъуэнтIи,
Хы щхъуантIэм хэплъэ.
Хэплъэ-хэплъи,
Хэплъагъуэр къызжеIэ.
Псы щIыIэ дэхуабэу
Ноби хым хэтыр
КъызжеIэ зи нэпсыр.
Гупсысэ-гупсыси,
Си лъэпкъым и тхыдэр
Пэж дыдэу схуэIуатэ.
Темыхуэу и щIыгум
ЩыкIауэ къикIа?
КIыфIыгъэм щигъауэу
Гъуэгу мыгъуэ техьа?
Къихьахэм
И лъахэр
ФIаубыду къикIа?
КIэ дэдэ уи лъэпкъыр?
Къуэладжэ-къуэладжэм
Ар щхьэ дэкъухьа?
Тхьащыхьэ биижьхэм
Лъэужьыр яутэ.
Къэтэджи, си нащхъуэ,
Уи лъэхъур ихьыж.
Ди Хэку дгъэгъэзэжи
Ди тхыдэр дгъэджыж.
Инжьджи Тэрчыжьи
Я ткIуэпсэр быдзышэу,
Ди къуэпсыр гъэкIыж.

Тырку, Зонгулдак

ХЪУНЭГУ Надия

УмыщIыт уи жагъуэ

УмыщIыт уи жагъуэ, пшахъуэщI
гъунапкъэншэр
Гуузу, гуIэу нэщхъей зэрыхъуар.
Щхъуэчыфэу хуэигъуэ
си щхьэц зэрызешэм
Хьэрып щIыналъэр хэщхьэрыухьащ.

УмыщIыт уи жагъуэ,
си псалъэ къуэпсыщIэр
Гухэщ Iу узу зэрыкIэзызар.
Кавказ къурш щхьэхухэм
хуэхъуапсэу, хущыщIэу
Си нэ къабзитIыр абы хуэплъызащ.

УмыщIыт си жагъуэ, пшIэщIэ сащIауэ
Сэ ирезгъэхми хамэщIым сэлам,
ПIащIэу мэпабгъэ си Iэгу пхуэгъущIар
Адэжь щIыналъэу сызыхуэзэшам.

КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и гъэмахуэ уафэр
Дыгъэ бзий нэхукIэ сыт щыгъуи
гъэнщIащ.
Ауэ мы си псэр махуэ имыгъафIэ -
Къемыхуэбыа Iэу си гур упщIыIуащ.

Бахъсэн уэрэдыр къыщриш ауэзым
Сыдэту хуиту махуэ сыбэуам,
Зэуэ хъужьынут сэ спкърытыр узу,
Къэхуэбжьынут дыгъэ упщIыIуар.

Иордание, Амман

ШУРДЫМ Къундет

Мы зы щIымахуэр игъэкIыж

«Адэжь щIыналъэм дыгъэкIуэж, -
КъызжеIэ си щхьэгъуэм. -
СлъэмыкIыу сэри сегъэкIуэпI
Гугъуехьу телъым уи псэм».

Си щIалэ закъуэм согупсыс,
Сигу щыщIэм сщIынт пэIэщIэ.
Гъуэгу сытехьэну сыхьэзырщ,
АрщхьэкIэ зызоIэжьэ.

Сэ нобэ зым къызиткъым гъуэгу,
Си гугъэр екъутэжыр:
Мы щIыпIэр сэ схуэмыхъуми Хэку,
Ар лъапсэщ си къуэм дежкIэ...

«Мы зы щIымахуэр игъэкIыж», -
ЖызоIэ си щхьэгъуэм.
Уи сабигъуэ пIэщIэкIам
Хэт зылъэгъуар къигъазэу?

Австрие, Инсбрук

ХЬЭВЖОКЪУЭ Маждэ

ПщIыхьыфIыр мэлъэтэж

Уи удз Iущащи, псынэ уши,
Уи Iуащхьэмахуэ ныдэж жьыбгъи,
ПсынэщIэ къэзылъху уэ уи къурши,
Уэгум щыхуарзэ уи къуршыбгъи -
Я макъ зэщIэлъыр, Къэбэрдей,
ЩызэхызохыР сэ мыбдей.

Согужьеижыр, зысплъыхьамэ, -
Сэ къысщхьэщытыр хамэ уафэщ,
Сызытет щIыгури сэ си хамэщ -
Си лъэгур кьесыр абы мафIэу.
ГуфIэгъуэу сиIэр, Къэбэрдей,
Уи макъ къэIуусырщ сэ си дей.

Си нэр зэтеспIэм сэ къысфIощIыр:
Къыспебгъэжьауэ адэ-Хэкум
Жьыбгъэм си натIэр къысхуилъэщIу,
Жьыгхэм къыдалъэу Iэ си нэгум,
Псынэм схуиусу и уэрэд -
А псом сыгуфIэу сэ сахэт.

КъысфIощI Сосрыкъуэ къихьа мафIэм
Сэ сигу пIыщIар къигъэхуэбэжу,
Си адэжь лъэпкъым и бзэ IэфIыр
Бзэрабзэу сэ къысIуралъхьэжу...
Гугъэ-пщIыхьыфIыр мэлъэтэж,
Сэ хэхэс щIыгум сыкъонэж.

США, Нью-Йорк

Редактор нэхъыщхьэхэр:
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд *(«Адыгэ псалъэ»)*
ДЕРБЭ Тимур *(«Адыгэ макъ»)*
ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ *(«Черкес хэку»)*

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iуэхущ Iапи Iэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.323
Заказ №618